

## ЗУНДГИНТÆ КÆМИ СЕМОНЦÆ, ÆРДЗÆ ДÆР УОМИ ИСФЕДАУЙ!..

***Фазиль ИСКАНДЕР, абхазаг финсæг: «Æрдзæ нин рæдауæй дæттуй æ зунди фарнæ, райсетæ ‘й, зæгъгæ, тухæй-фудти дæр табедзæ кæнуй. Фал мах ба къумухгомау ан æма ин цума æ еци терггади æнхæст нæ лæдæрæн, уотæ нæмæ кæсуй, цума нин гъæуама цидæр хецæн бардзурд радта, аци зундбæл æнæмæнгæ ниххўæцетæ, зæгъгæ...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№19-20 (845-846) 2022 анзи 28 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман




Цæгат Иристони ахуради æма науки министр АЛИБЕГТИ Эллæ ахид бабæрæг кæнуй республики ахургæнæндæнттæ æма син сæ уавæртæ бæлвурдæй зонуй.

# РÆСТВÆНДАГ ÆМА ЦАРДГЪОН УÆНТÆ НÆ КÆСТÆРТÆ!..

Æрæги нæ республики еугур астæуккаг ахургæнæндæнтти дæр низзæланг кодта дзæнгæрæг – уотемæй фæндараст кодтонцæ сæ рауагъдонти. Берæ арфитæ райгъустæй уой фæдбæл арæзт цитгингæнæн мадзæлтти рæстæг. Зæрдитæ син æвардтонцæ: «Абони уин дзæнгæрæг ци фæндарасти азæлдæй изæлуй, е уæ рæствæндаг кæнуй уæ царди никки хуæздæр æййивдзийнæдтæмæ. Зонетæ ’й, уæ ахури рæстæги ци зонундзийнæдтæ райстайтæ, уонæй фæххайгин айтæ уæ ахургæнгутæ æма уæ нийййергути фæрци. Æма уонæй – зонæн æй – кæддæриддæр арфиаг уодзинайтæ, æнзти хæццæ никки фулдæр кæндзæнæй уæ арфæ. Сæ фудæбон, уарзондзийнадæ, уозæлдбæл уæ бон уодзæнæй æнцойнæ кæнун, федæнмæ надбæл цæугæй. Уæ размæ нуртæккæ байгон æнцæ уæ арæхстдзийнадæ, искурдиадæ равдесуни гæнæнтæ. Фал бал гъæуама раздæр фæлварæнтæ раттайтæ, уой фæсте иссердзинайтæ еугуремæй хуæздæр дæсниадæ. Кæддæриддæр уотæ дæсни, уæ къохи ци бафтуйа, уобæл еу рауæн ма ’рлæууетæ, уæд уæмæ æнгъæлмæ кæсуй æнтæстдзийнадæ. Алцидæр уин бантæсдзæнæй!..

Æма уин бантæсæд уони зæрдитæ уæ хуæрзæгъдауæй æма арфиаг гъуддæгутæй рохс кæнун, цæмæй уи боз æма сæрустур уонцæ!..

*... Фæцæй бæрæгбон æма рауагъдонтæн ралæудтæй бæрнон рæстæг – фæлварæнтæ. Еци ахсгиаг гъуддагмæ Цæгат Иристони скъолати куд бацæттæ кодтонцæ, уой фæдбæл нæ фарстатæн Еумæйаг Паддзахадон Фæлварæн райдайуни размæ (идайгæ ба ракодта 26 майи) дзуæппитæ равардта нæ республики ахуради æма науки министр* ***Алибегти Эллæ****. Æрмæг кæсетæ 4-аг фарсбæл.*

## АХСГИАГ ЦАУ




## «АДÆЙМАГ ИХÆСГИН ÆЙ РÆСТУОДÆЙ ЦÆРУНÆЙ!..»

Нуртæккæ Уæрæсей уавæр уæхæн æй, æма ‘й æхецæн рæстзæрдæй Фидибæстæбæл ка нимайуй, етæ еугурæй дæр æмзунд æма æмвæндæй гъæуама архайуонцæ æ хуарздзийнади сæрбæлтау – ка ци адæмихаттæй æй, ка циуавæр дин æнхæст кæнуй, уомæ нæ кæсгæй. Сæйрагдæр – цæмæй ни алке æскъуæлха арфиаг гъуддагæй Райгурæн бæсти хуарзæн.

Уобæл цудæй дзубанди æрæги Хъазани ци агъазиау мадзал арæзт æрцудæй, уоми дæр. Еци мадзали архайдта **Гуæцæлти Хаджиморат** дæр – нæ республики муфтий, стратегион уинунади къуар «Уæрæсе-Ислами дуйне»-й иуонг. Æма уой фæдбæл æ гъудитæ зæгъуй нæ газети абони номери 6-7-аг фæрстæбæл.

## НÆУÆГДЗИЙНАДÆ




***Нæ газети абони номери кæсетæ сæрмагонд уæлæфтауæн «Царди айдæнæ»-йи æртиккаг рауагъд. Бакæсæн си ес, зæгъæн, номдзуд театралон архайæг Хугати Георги имисуйнæгтæ, нæ фидибæстон журналистики зундгонд архайæг Булацати Хазбийи тухххæй уац, æндæр аллихузон æрмæгутæ.***


## ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!



**ГАЗЕТ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

***Аци анз уалдзигæнд культуритæ нæ республики гъæуунхæдзарадон кустуæтти будурти байахæсдзæнæнцæ 126,9 мин гектари. Нерæнгæ бал еци фæзуæтти тауни куститæ фæцæнцæ 45,3 мин гектареми. Фæззегæнди культуритæ ба ахæссунцæ 40,6 мин гектари.***



Владимир ПУТИН
Уæрæсей Федераций Президент

## ЦУБУРДЗУРДÆЙ...

– Аци анзи 1 июнæй фæстæмæ, косгæ ка нæбал кæнуй, еци пенсиесгути пенситæ 10% бæрцæ фæффулдæр уодзæнæнцæ. Фæццæруни минкъийдæр бæрцæ дæр 1 июнæй фæстæмæ 10% фæффулдæр уодзæнæй æма рæстæмбес нимадæй нæ бæсти исирæздзæнæй 13 919 сомей уæнгæ.

Еци бонæй фæстæмæ 10% бæрцæ фæффулдæр уодзæнæй фæллойни феддони минкъийдæр бæрцæ æма исуодзæнæй 15 279 соми...



Аци анзи æртæ мæйемæ Цæгат Иристони еугур гъæууонхæдзарадон къабæзти продукци цæттæгонд æрцудæй 4 миллиард сомей аргъ. Е фари еци рæстæги хæццæ рабæргæй æй 3,7% фулдæр. Мартъий кæронмæ сторвонси бæрцæ иссæй 96,7 мин сæри фари еци афонæй (0,1% фулдæр), уой хæццæ: гъоцитæ – 40,8 мин сæри (1,8% фулдæр), хутæ – 21,8 мин сæри (18% минкъийдæр), фустæ æма сæгътæ – 133,7 мин сæри (4% фулдæр), мæргътæ – 1,1 миллион сæри (6,9% фулдæр).



Цæгат Иристонæй Красноярский краймæ рæхги ранæхстæр уодзæнæй студентти арæзтадон отряд. Уодзæнæй си 500 адæймаги – исуйнаг энергетиктæ æма механиктæ, хонхикустгæнгутæ æма геологтæ, аразгутæ æма Цæгат Кавкази хуæнхонметаллургон институти берæпрофилон профессионалон колледжи, Хуæнхон аграрон паддзахадон университети, æфсæнвæндагон, электрон, арæзтадон æма политехникон колледжи ахурдзаутæ. Аци отряд æ бæрцæй æй фæссоветон доги тæккæ агъазиаудæр. Цæгатиристойнаг ахурдзау фæсевæди фæллойнадон семестри рæстæг, кæци рахæсдзæнæй цуппар мæйи.

## ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

«Росмолодежь. Гранты 1 сезон» – уæхæн конкурси архайдтонцæ Цæгат Иристони минæвæрттæ æма си фондземæй гранттæ рамулдтонцæ: Гулити Вадим (1,35 млн соми), Дзагойти Зæринæ (1 млн соми), Кудзойти Руслан (1,5 млн соми), Тъурити Владислав (1,2 млн соми), Цопанти Алан (1,4 млн соми).

***

**Авиакомпани «Аэрофлот» иснæуæг кодта рейстæ Мæскуйæй Дзæуæгигъæумæ. Æнхæст ба сæ кæндзæнæнцæ хуæдтæхгутæ Airbus A 320. Дзæуæгигъæуæй мæскуйаг аэропорт Шереметьевой уæнгæ тæхуни рæстæг уодзæнæй 2 сахатти æма 50 минутти.**

***

Цæгат Иристони туризми Комитети сæрдари ихæстæ æнхæстгæнæг Тебиати Мæдинæ куд игъосун кæнуй, уотемæй «Мамисон»-и фиццаг канатон нади арæзтадæ фæууодзæнæй 2024 анзи.

***

**Тамаку думунбæл æхцул уæрæсейæгти нимæдзæ 2020-2021 æнзти фæмминкъийдæр æй 13% бæрцæ (3,63 миллион адæймаги). Тамакудумæг адæми бæрцæ еугуремæй минкъийдæр æй Цæцæни (1,8%), Мæхъæли (5,5%), Дагестани (9,2%) æма Цæгат Иристони (9,4%).**

***

Куд иннæ æнзти, уотæ нур дæр бабæй 28 майи Уæрæсей еугур рауæнти дæр арæзт æрцæудзæнæй рохситауæн-культурон дзиллон акци «Библиотекити æхсæвæ». Уой фæдбæл мадзæлттæ арæзт æрцæудзæнæнцæ Дзæуæгигъæуи Национ киунугæдони бæстихайии дæр. Райдайдзæнæнцæ бони 12 сахаттебæл æма рахæсдзæнæнцæ изæри 21 сахаттей уæнгæ.

***

**Цæгат Иристони 2015 анзæй фæстæмæ капиталон цалцæггонд æрцудæнцæ 235 берæфатерон хæдзари (харзгонд æрцудæй 1 миллиард 20 миллион соми). Аци анз ба уæхæн хæдзæрттæй гъæуама цалцæггонд æрцæуонцæ 47, уæдта 80 лифти баййевонцæ. Дæс хæдзареми куститæ фæцæнцæ, дууадæсеми ба ма цæунцæ, иннетæн ба цæттæгонд цæуй гъæугæ гæгъæдитæ.**

***

Славайнаг финсунадæ æма культури Бони кадæн культури Хæдзарæ «Металлург»-и рацудæй æмзаруни аййевади 17-аг республикон фестиваль, Евгений Вахтангови номбæл уруссаг Академион театри ба – бæрæгбони концерт.

***

**Уæрæсей æфсади рæнгъити е 'фсæддон ихæс æнхæст кæнунмæ Цæгат Иристонæй аци анз æрвист ка цæудзæнæй, еци лæхъуæнти фиццаг къуар æрæги рафæндараст кодтонцæ сæ балций. Æфсæддон комиссаради хигъди ка 'й, еци 16 мин лæхъуæнемæй алли æртиккагмæ дæр ес уæлдæр ахурадæ, беретæ ба си исахур кодтонцæ ДОСААФ-и ахургæнæндæнтти.**



# УÆРÆСЕ ÆЙ НÆ ЕУМÆЙАГ ХÆДЗАРÆ

УРУССАГ паддзах Петр I райгурди 350 анзей кадæн æрæги Мæскуй Кирисге Ервæзунгæнæги аргъауæндони ци юбилейон XXX Æхсæнадæмон ахурадон мадзæлттæ рацудæнцæ, уони фæлгæти ма арæзт æрцудæй наукон конференци Цитгин Маринæ Ясыня Владимираги номерæнæн. Дзубанди си цудæй культури, удварни æма паддзахади историйи æ ахедундзийадæ, аци силгоймаг алайнаг къниаз уогæй уруссаг цитгин къниаз куд иссæй, уой фæдбæл.

Конференци исаразтонцæ Мæскуй, Кирисге Ервæзунгæнæги Аргъауæни, æма е иссæй Аланибæл исаргъуди 1100 анзи бæрæг кæнуни фæдбæл нисангонд мадзæлттæй еу.

Конференций кусти архайдта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Е зæрдиагæй райарфæ кодта æ архайгутæн. Æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй Аланибæл исаргъуди бæрæгбон айдагъ Цæгат Иристони дзиллæ нæ бæрæг кæндзæнæнцæ, фал еугур Уæрæсе дæр:

– Нæ адæмтæ еумæ мин анзей дæргъи еу устур надбæл æмзунд-æмвæндæй ке рацудæнцæ æма нерæнгæ дæр цæунцæ, е уой æвдесуй, æма Уæрæсе æй нæ еумæйаг хæдзарæ æма нæ Фидибæстæ. Еу нæ кæнунцæ удварнон бастдзийнæдтæ, нæ историон евгъуд æма исонибон. Уæрæсе æма Иристони еу кæнуй цитгин къниаз Мария Ясыняйи сугъдæг фæлгонц. Æ ном æхе агъазиау бунат байахæста Уæрæсей æма Аланий культури, æ рæстæги аразта аргъауæнтæ æма моладзандонтæ, уруссаг зæнхитæ еумæ æмбурд кодта...

Куд ма загъта, уотемæй абони нæ берæнацион паддзахади адæмтæ байеу æнцæ сæ гъæздуг историй, культури, æгъдæутти, цардарæзти фæткити фæрци:

– Æма уин мæ зæрдæ зæгъуй æнтæстдзийнæдтæ, сабурдзийнадæ, хуарздзийнадæ, зæрдрохсдзийнадæ æма райдзастдзийнадæ!..

1100
аланий
исаргъуди

Дзæуæгигъæуккаг æма Алайнаг **епископ Герасим** ба конференций архайгути базонгæ кодта Мæскуйаг æма еугур Уæрæсей **Патриарх Кирилли** Арфи финстæги хæццæ, кæцими уотæ загъд ес: «Аци анз Цæгат Иристон бæрæг кæндзæнæй Аланибæл исаргъуди 1100 анзей бæрæгбон. Е республикæн ахсгиаг историон цау æй. Еуæндæс æносей сæрти ку ракæсæн, уæд балæдæрдзинан, аци цауæн цæйбæрцæбæл арф медесгун ахедундзийнадæ ес, уой: аци рагон зæнхæбæл цæрæг адæмтæ киристон дин равзаргæй сæхе байеу кодтонцæ киристон цивилизаций хæццæ æма гъе уомæй равзурстонцæ сæ исонибони федæн...» Арфи финстæги ма куд загъд ес, уотемæй, юбилей парахаттæй бæрæггонд ке 'рцæудзæнæй, е агъазгæнæг уодзæнæй нæ бæсти цæргути удварнон еудзийнадæ федардæр кæнунæн.

Конференций рæстæг ма æ архайгутæ базонгæ 'нцæ коллективон монографи «Цитгин Мария Ясыня Владимираг уруссаг историй»-и хæццæ, байгъустонцæ наукон радзубандитæмæ, бакастæнцæ наукон кинонивмæ.

***

РЕСПУБЛИКÆ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг Сергей Меняйло, Мæскуй косæг балций уогæй, бабæрæг кодта сувæллæнтти хузæгæндти равдист «Сугъдæг Алани». Куститæ бацæттæ кодтонцæ Дзæуæгигъæуи Тауасити Сослæнбеги номбæл сувæллæнтти аййевадон скъолай ахурдзаутæ.

Куститæ фæууинунмæ æрбацудæнцæ сенатор **Мамсурати Таймораз**, Паддзахадон Думи депутат **Мæхъити Зураб**, Парламенти Сæрдар **Алексей Мачнев**, наукон æмæхсæнади, дини, культури æма Мæскуйаг ирон æхсæнади минæвæрттæ. Форуми кæронбæттæни Цæгат Иристони аййевæдти дæснитæ равдистонцæ концерт. Ансамбль «Алан» æ дæсни кафтæй адæми зæрдитæ балхæдта, уæдта Филармоний национ инструментти ансамбль «Иристон» рацагъта уарзон мелодитæ. Байгъустонцæ зартæгæнæг Цæгат Иристони адæмон артист **Тайсаути Олеги** зартæмæ дæр.

***

ДЗÆУÆГИГЪÆУИ Национ музейи рази фæзуати æрæги байгон æй къарти фæлдзæуæн равдист «Аланий ковуниаккæгтæ». Уонæми фæууинæн ес Цæгат æма Хонсар Иристони аргъауæнтæ, моладзантæ æма ковæндæнттæ (зæгъæн, Дзæуæгигъæуи, Къумбулти, Зæрæмæги, Дагоми, Цхинвали æма æндæр рауæнти).

**Номдзуд гъæбесæйхуæцæг, Олимпаг гъæзтити чемпион, Уæрæсей æскъуæлхт тренер Мусульбес Давид Владимири фуртбæл 28 майи æнхæст кæнуй дæс æма дууинсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн!..**



# ÆГУСТÆЙ ГЪÆУАМА МАКЕ БАЙЗАЙА!..


ПЛАТИ Альбинæ

НУРИ берæ цæмæйдæрти нæхъæртон рæстæгути кустгъон адæмæн сæ сæйрагдæр сагъæс æй кусти нилlæуун. Дзубанди ибæл нæййес, алкедæр гъавуй зæрдæмæдзæугæ æма хуарз улупа ин кæми феддзæнæнцæ, уæхæн куст иссерунмæ.

Фарæ нæ республики кустуæттæ æма организацити рæстæмбес номхигъди нимæдзæ 2021 анзи рауадæй 116,0 мин адæймаги, æма, 2020 анзи хæццæ рабаргæй, фæффулдæр æй 0,6 проценти.

Нæ республики адæмæн куст дæттуни комитети бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, 2021 анзи декабри кæронмæ кустагорæг граждæнти хигъди ка лæууй æма фæллойнадон архайдбæл хуæст ка нæй, уони еумæйаг нимæдзæ рауадæй 5,4 мин адæймаги. Уонæй 5,3 мин адæймагемæ адтæй æгусти сæрмагонд статус. Е 3,6 хатти минкъийдæр æй иннæ анзи хæццæ рабаргæй.

Евгъуд анзи декабри кæронмæ æгуст адæми æма, пособи ка есуй, уони нимæдзæ, 2020 анзи хæццæ рабаргæй, фæмминкъийдæр æй 46,7 проценти æма рауадæй 2,5 мин адæймаги.

Кустуæттæ æма организацитæ, 2021 анзи декабри кæронмæ цал косæги сæ гъæуй, уой туххæй ци бæрæггæнæнтæ равардтонцæ, етæ 'нцæ 1168 адæймаги, нихмæ 1389 адæймаги евгъуд анзи аци рæстæгмæ.

Кустагор адæмæн косуни равгитæ исаразуни фæдбæл архайд цæуй аци анз дæр æма фæллойни къабази уавæр фæххузæнондæр æй къабази уавæр фæннивæбæлдæр кæнунæн, уæлдайдæр ба нерæнгæ ма æгуст ка 'й, еци адæми нимæдзæ минкъийдæр кæнуни мадзæлттæбæл Цæгат Иристони аци анзи кæронмæ харзгонд æрцæудзæнæй 140 миллион сомей бæрцæ.

Уæхæн нимæдзæ журналисттæн фегъосун кодта нæ республики адæмæн куст дæттуни Комитети сæрдар **Плати Альбинæ**. Æма æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Зæгъæн, аци анз нисанмæ арæзт регионалон программæ «Адæмæн нæуæг косæн бунæттæ дæттун»-и мадзæлттæ æнхæст кæнунæн дехгонд æрцæудзæнæй 19,5 миллион сомей бæрцæ. Фæллойни базари уавæри карздзийнадæ фæмминкъийдæр кæнуни мадзæлттæн ба анзи кæронмæ нисангонд цæуй 120,5 миллион соми (уонæй 119,3 миллион соми радех кодта федералон бюджет), иннæ хай ба сæмæ бафтаудзæнæй республикæ.

Плати Альбини дзубандимæ гæсгæ, уæлдæр амунд регионалон программи фæлгæти еудадзугон æма рæстæгмæ кусти бунæттæ ратдзæнæнцæ 4 мин адæймагемæн. Уæлæнхасæн профессионалон ахуради къурситæмæ ба рарветдзæнæнцæ 1500 адæймагей бæрцæ. Уомæй уæлдай, сæ ахурæй уæгъдæ рæстæг косуни фадуат уодзæнæй 1200 æнагъонемæн. Уæлæнхасæн дæсниадæ райсуни къурсити ка архайа, уонæй 130 адæймагемæн ба исараздзæнæнцæ профессионалон стажировкитæ.

Кустагорæг адæмæн фæййагъаз кæнуни гъуддагмæ еудадзуг цæстдард цæуй. Æрæги нæ республики Хецауади æмбурди адæмæн куст дæттуни Комитети сæрдар Плати Альбини хъæппæресæй æркастæнцæ «Рæстæгмæ кустити архайæг граждæнтæн материалон агъази бæрци» туххæй гæгъæдимæ. Уой фæдбæл рахастонцæ гъæугæ унаффæ, кæцими дзубанди цæуй ахурæй уæгъдæ рæстæг 14-18-анздзудтæн, æгуст адæмæн, профессионалон ахуради фæсте куст фиццаг хатт ка агоруй, уонæбæл. Рæстæгмæ син куст ратгæй, материалон агъази бæрцæ гъæуама мæйæмæ уа 1500 соми.

Дзанайти Барис фæббæрæг кодта гъуддаги социалон бундор. Дзубанди айдагъ миздбæл нæ цæуй, фал æригæнттæн циуавæрдæр уавæртæ исаразунбæл. Ирæзгæ сувæллæнттæн сæ уæгъдæ рæстæг ести куст ку фæууа, уæд сæ зæрдæ фудуаг миутæмæ нæ дзордзæнæй.

Фæллойни базари уавæр фæххузæнондæр кæнуни мадзæлтти архайдзæнæнцæ кустуæттæ æма æндæр юридикон иуонгтæ дæр. Зæгъæн, дæс æма инсæй анзи кæбæл нæма исæнхæст æй, уæхæн æригон адæймаги кустмæ кумæ райсонцæ, еци организацийæн паддзахадæ агъази хузи радех кæндзæнæй 50 мин сомей бæрцæ. Уæлæнхасæн косгутæ ци организацимæ райсонцæ, уонæн паддзахадæ дæтдзæнæй æндæр финансон зæрдæдарæнтæ дæр.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Еу аცъагъуæгин лæг, дан, базаргæнæги хæццæ бадзубанди кодта, гъома, арсдзар дин исамал кæндзæнæн. Е дæр исарази 'й, æма уæд еци лæг еу хуарз цауæйнонæн балигъстæ кодта, арс рамарунмæ мин фæййагъаз кæнæ, зæгъгæ.*

*Рандæнцæ гъæдæмæ æма еу рауæн арсбæл исцурæвæрæ 'нцæ. Цауæйнон æй фехста, фал сирд цæф дæр нæ фæцæй æма сæбæл фæрраст æй. Уæйæгæнæг лæг бæласæмæ исгæпп кодта, цауæйнон ба зæнхæбæл райзадæй, æма 'й арс саунæд фæккодта. Уой фæсте имæ басмуститæ кодта, уæдта рандæ 'й. Уæд иннæ лæг бæласæй æрбурдæй æма е 'мбали фæрсуй:*

*– Арс ма дин дæ гъоси цитæ дзурдта?*

*– Е мин уотæ загъта, цалинмæ, дан, арс нæ рамарай, уæдмæ ин æ цар ма уæйæ кæнæ!*

***

Нæ абони цардиуаги гъуддæгутæбæл дзуапдæттæг бараггентæ дæр гъе уотæ хъæбæр тæлафтулуфæй ниддæлæлæй кæнунцæ, атитæ-уотитæ ракæндзинан, зæгъгæ, фал зæрдитæ ци агъазиау гъуддæгутæй райвæрунцæ, уонæй фулдæр хæттити неци рауайуй. Зæгъæн: Дзæуæгигъæуи бæрæгастæу кинотеатр «Октябрь»-и федауцæ азгъунст уæхæн дзæнгæда цæгъдгутæ фехалдтонцæ, нуриккон концертон центр си араздзинан, зæгъгæ, рæуонæй. Нур æй уинетæ: центр дæр арæзт не 'рцудæй, кинотеатри азгъунст дæр нæбал æй. Сæ бæсти – цидæр игон фæзæ...



**Валентинæ МАТВИЕНКО, Федераций Совети сæрдар: «Сауæнгæ зæгæлтæ дæр нæмæ фæсарæнтæй ласт æнцæ... Е куд æй, уойбæрцæ æфсæйнаг уадзæн, утемæй ба зæгæлтæ кæнун нæ бон нæй?..»**

Зæгæлтæ нæмæ æгæр берæ дæр ма ес. Фал бæрзондтехнологон арæзтади аккаг ба нæ 'нцæ – уайтæккæдæр рамбуйунцæ, изгæхуæрд фæуунцæ. Уæдта – Федераций Совети ка бадуй, уонæн сæ фулдæрей фудæй нæ фидибæстон промышленность уæхæн зæууатмæ æрхаудтæй, æма сауæнгæ алли листæг дзаумæуттæ дæр фæсарæнтæй ласæн. Уотæ нæ Фидибæстæн нæ, фал кæцидæр бараггентæн пайдадæр æй...



**Никитæ СТАСИШИН, Уæрæсей Федераций арæздади æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради министри хуæдæййевæг: æрæги кустадон балций Узбекистани уогæй, еума хатт бабæй æстауæн дзубандитæ ракодта импортæй нæ бæсти æнæгъæнæй дæр хуæдбарæдзийнадæй...**

Æстауæн дзубандитæ кæнун æнцон æй. Фал дæхе ходæги уавæри ку не 'вæрай, уæд. Аци чиновник Узбекистани адтæй... Уоми лифтаразæн заводи продукцимæ æркæсунмæ. Махмæ Уæрæсей ци лифтитæ аразунцæ, етæ кæд уæрæсейагбæл нимад æнцæ, уæддæр сæ аразунцæ фæсарæйнаг хæйттæй. Æма нин сæ уордигæй ку нæбал дæттонцæ?.. Уотæ иннæ къабæзти дæр. Е ба дин... «хуæдбарæдзийнадæ».



**Михаил ШЕРЕМЕТ, Паддзахадон Думи депутат: «Мах гъæуама цæттæ уæн алцæмæ дæр, æма хуæздæр уидæ нæ адæми цийфæнди тасдзийнæдтæй багъæуай кæнуни туххæй гъæугæ мадзæлттæ рагацау аразунмæ...»**

Бæргæ хуæздæр уидæ... Фал куд уинæн, утемæй уойиасæбæл дессагæй нерæнгæ нецима арæзт цæуй адæми цардиуагæ фæххуæздæр кæнуни фæдбæл. Е дин æнæмæнгæ гъæугæ товарти æма аллихузон лæггæдти æргъти æрра ирæзт, е дин пенсити кадавардзийнадæ, е дин... Уогæ сæ нимад ка фæууодзæнæй адæми гъигæдарæг фарстатæ... Æма депутати загъд «хуæздæр уидæ», арс нæ рамаргæй ин æ цар уæйæгæнæг лæги фæнди хузæн æй...

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

## ДÆХУÆДÆГ ÆМА ДÆ ЛÆГИГЪÆДÆ!..

**Нуртæккæ дуйней паддзахæдтæй беретæ нæ нихмæ фудмиутæ ку аразунцæ, нæ экономикон уавæри бунгондбæл еци архайги ку архайунцæ аллихузон мадзæлттæй, уæд, куд фæззæгъунцæ, сæр нæ багъудæй, фæсарæнтæй ци товартæ истан æма нæмæ лæггæдтæ цудæй, уони нæхе хъауритæй æма равгитæй æнхæст кæнун. Æма нæ бон исуодзæнæй? Уæхæн фарста дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центр æрæги равардта Уæрæсей цæргутæй 1600 адæймагемæ, сæ карæ – æстдæс анземæй уæлдæр. Дзуæппитæ лæвæрд цæунцæ процентæй.**

**Уонæн сæ 20% куд æнгъæл æнцæ, утемæй нæ фидибæстон кустгæнгути бон исуодзæнæй, нæ бæстæй ци фæсарæйнаг компанитæ рандæнцæ, етæ ци товартæ уагътонцæ æма лæггæдтæ æнхæст кодтонцæ, уони æнæгъæнæй дæр аразун.**

**Мадта 48% ба уобæл дæр æуууæндунцæ, æма уони баййевун бантæсдзæнæй берæ рауæнти.**

**Импорт баййевун нин бантæсдзæнæй, уобæл секк ба кæнунцæ не 'мбæстæгти 26%.**

**Фæсарæйнаг компанитæ нæ бæсти ке нæбал косдзæнæнцæ, е уæхебæл æма уæ бийнонтæбæл комкоммæ фæббæрæг уодзæнæй? Кæд фæббæрæг уодзæнæй, уæд цæйбæрцæбæл хъæбæр?**

**Хъæбæр фæббæрæг уодзæнæй – 12%**
**Фæббæрæг уодзæнæй, фал цаудгомау – 21%**
**Бæлвурдæй зæгъун мæ бон нæй – 5%**
**Фæббæрæг уодзæнæй ромбæлæй – 23%**
**Нæ фæббæрæг уодзæнæй – 39%**

**Æнæгъæнæ дуйней дæр 31 майи бæрæггонд цæуй æнæ тамакуйæй Еугурдуйнеуон бон. Нуриуæнгæ ма тамаку ка думуй, уонæй, цума, цал адæймаги ниуудздзæнæй æ еци зæранхæссæг миуæ?..**

*Нæ республики ахуради æма науки министрадæ æма компани «Яндекс» бадзубанди кодтонцæ æмгустадæбæл. Министр Алибегти Эллæ æма компаний бæрнон косæг Дмитрий Растворов ци бардзурд бафинстонцæ, уой фæрци республики никки хъæбæрдæр рапарахат уодзæнæнцæ ахурадон проекттæ æма фæффулдæр уодзæнæй уонæми архайгути бæрцæ.*

## АЛИБЕГТИ ЭЛЛÆ:
# «ЕУМÆЙАГ ПАДДЗАХАДОН ФÆЛВАРÆНБÆЛ ИСÆМБАЛДАН ХУÆРЗЦÆТТÆЙ...»



НÆ РЕСПУБЛИКИ скъолати æ тæмæни бацудæй паддзахадон хатдзæггæнæн аттестаци. Фиццагидæр си архайун байдæдтонцæ фарæстæймагкъласонтæ – 19 майи. Нур ба ралæудтæй еуæндæсæймагкъласонти кезу – 26 майи етæ дæттун райдæдтонцæ еумæйаг паддзахадон фæлварæн. Еузагъдæй, айдагъ рауагъдонтæн дæр æма педагогон коллективтæн нæ, фал æнæгъæнæй не 'хсæнадæн дæр е æй ахсгиаг гъуддаги рæстæг. Æма ибæл цæйбæрцæбæл хуæрзцæттæй исæмбалдæнцæ Цæгат Иристони, уой фæдбæл æй нæ республики ахурадæ æма науки министр Алибегти Элли дзубанди:

– Паддзахадон хатдзæгтæгæнæн аттестаци нæмæ куд райдæдта æма куд цæуй, уомæ гæсгæ мæ бон æй федарæй уотæ зæгъун æма ибæл исæмбалдан хуæрзцæттæй. Æма нерæнгæ нецима дзорун уой фæдбæл, фал ми æруагæс кæнуй, аци ахсгиаг гъуддаг æнхæстгонд ку 'рцæуа, уæд æ кæронбæттæни бæрæггæнæнтæ дæр уодзæнæнцæ зæрдæмæдзæугæ. Нæ министради специалисттæ æма дæлкъабазон организацити косгутæн еу æма дууæ хатти не 'рцудæй арæзт хецæттæгæнæн мадзæлттæ. Кустонцæ фæлварæн æрмæгути мухури технологибæл, уомæй уæлдай ба ма тестгонд æрцудæнцæ организацион æма технологон процедуритæ, бæрæггонд цудæй ефтонггæрзти, сæ хæццæ компьютерти, принтерти, сканерти æма видеоцæстдарæн системи куст дæр.

Аци анз мах зæрдиаг куст бакодтан Еумæйаг паддзахадон фæлварæнмæ фулдæр специалисттæ бацæттæ кæнуни фæдбæл. Уонæн арæзт æрцудæй ахур кæнуни берæкъæпхæнон цикл, Мæскуйæй дæр си спикертæ архайдтонцæ, уотемæй. Цалдæр дæсниадемæй эксперттæ ахур кодтонцæ интенсивон къурсити Еумæйаг паддзахадон фæлварæни цæстдарди барæн æрмæгути медеси фарстати туххæй. Цуппарсæдæ ахургæнæги архайдтонцæ «ЕГЭ-федæнмæ над», зæгъгæ, проектти, нæ регионæн сæрмагондæй кустгонд æрцудæй уæлæнхасæн курс «ЕГЭ-2022». Аци анз математики æма уруссаг æвзаги ахургæнгутæ сæхуæдтæ дæр лæвардтонцæ хецæттæгæнæн Еумæйаг паддзахадон фæлварæн, цæмæй ахургæнгути предметон æнхæст цæттæдзийнади комкоммæ бæлвурдгонд æрцæуа рагацау æма, кадавардзийнадæй си ци уа, уони афойнадæбæл райеуварс кæнуни туххæй сæхебæл бакосонцæ. Нæ мадзæлтти нин устур агъаз бакодта Мæскуй ахуради хуæрзгъæдæдзийнади Центр. Уони специалисттæ нин сæ фæлтæрддзийнадæ не 'вгъау кодтонцæ.

**– Еумæйаг паддзахадон фæлварæнти аци анз ести æйййивддзийнæдтæ ес?**

– Неци уоййасæбæл æйййивддзийнадæ си æрцудæй, айдагъдæр æййевуй цæстдарди барæн æрмæгути медес. Аци анзи Еумæйаг паддзахадон фæлварæни кампаний еугур менеугутæ дæр зундгонд адтæнцæ рагацау, уомæ мах цæттæ кодтан дæргъвæтийнæ рæстæг. Фиццагидæр, е баст æй уой хæццæ, æма аци анз рауагъдонтæ фиццаг къласæй фæстæмæ ахур кодтонцæ астæуккаг ахуради Федералон паддзахадон ахурадон стандартмæ гæсгæ. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма еугур нæуæгдзийнæдтæ дæр æнхæстгонд цæудзæнæнцæ къæпхæнгай, цалдæр анзей дæргъи. Фæлварæнти ихæслæвæрдти фулдæр хай рауагъдонæй бадомдзæнæнцæ логикон гъудикæнуйнадæмæ гъосдард, ци æрмæг имæ ес, уомæй архайунмæ арæхсун, цубурдзурдæй, еуæндæс анзей дæргъи сувæллæнттæ цæбæл ахур кодтонцæ, уомæй пайда кæнун зонун. Æйййивд æрцудæй ихæслæвæрдти нимæдзæ, уæдта фæлварæнти рæстæги дæргъвæтийнадæ.

**– Эллæ, аци анз пандемий фудæй ахурадон уагæдæнттæ цубур рæстæгмæ рахизтæнцæ идæрддзæфмæ технологитæй ахур кæнунмæ. Æма уæхæн уавæрти куд цæттæгонд цудæнцæ рауагъдонтæ, фагæ равгитæ æма фæрæзнитæ син адтæй?**

– Æцæгæйдæр, аци анз эпидемиологон уавæр лæгъузæрдæмæ фæззиндтæй ахурадон процессбæл. Фал нæмæ ес зингæ фæлтæрддзийнадæ, æма скъолати хæццæ нивæбæл æмархайди фæрци ахуради управленитæ ахури процесс нæ бауорæдтонцæ. Æма е, фиццагидæр, нæ ахургæнгути фæрци æй. Мах лæдæрæн, уæззау уаргъ сæбæл ке æрæнцадæй, уой, фал ин бафæразтонцæ, исхъаурæ кодтонцæ æма исарæхстæнцæ, цæмæй ахури фæткитæ къулумпигонд ма æрцудайуонцæ. Уой хæццæ ба ма син агъаз кæнунмæ сæмæ цудæнцæ республики уæлдæр ахургæнæндæнтти педагогон здæхти хестæр къурсити студенттæ. Нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйлой фæдзæхстмæ гæсгæ министрадæ бацæттæ кодта проект «Учитель на замену». Уой агъазæй ахурадон уагæдæнттæн пандемий рæстæг агъаз кодтонцæ Цæгат Иристони паддзахадон университети æма пединститути студенттæ. Уомæй уæлдай ма, регионы разамонæги фæдзæхстмæ гæсгæ, скъолати рауагъдонтæн 2021 анзи ноябрæй 2022 анзи маймæ арæзт æрцудæнцæ лæвар онлайн-къурситæ, Еумæйаг паддзахадон фæлварæнмæ цæттæ кæнгæй. Республики хуæздæр ахургæнгутæ лæдæрун кодтонцæ, кæци предметмæ куд хуæздæр бацæттæгæнæн ес, уой. Фæууинæн адтæй видеоуроктæ дæр. Уомæй уæлдай ма, ес федералон фæрæзнитæ, кæцитæ хуарз агъаз æнцæ, фæлварæнмæ цæттæ кæнгæй. Зæгъæн, педагогон барæнти Федералон институт æ сайти ниммухур кодта цæстдарæн æрмæгути хузтæ 15 предметемæй.

**– Еумæйаг паддзахадон фæлварæни процедури æгъдауихæлдтитæ, ке фæууй, еци фарста дæр ахсгиаг æй. Ци зæгъæн ес уой туххæй ба?**

– Еугур ахурадон уагæдæнтти дæр косæн, цæмæй рауагъдонтæн лæдæрд уа, фæлварæнти æгъдауихæлдтитæ цæмæ æркæнунцæ, уой. Етæ гъæуама балæдæронцæ, бастдзийнадæ кенæ æндæр фæрæзнитæй пайдагæнгæй, фæлварæнæй цохгонд ке цæудзæнæнцæ, æма син аци анз фадуат ке нæбал уодзæнæй фæлварæн нæуæгæй раттунæн. Еугур аудиторити дæр IT-камеритæ æвæрд ке уодзæнæй, уомæ гæсгæ мобилон телефон уордæмæ бахæссæн нæйййес, медæмæ бацæуæнти ба æвæрд уодзæнæнцæ детектортæ.

**– Сувæллæнттæй хъæбæрдæр, æвæдзи, фæттухсунцæ сæ нийййергутæ, æма еци тухстдзийнадæ ба лæгъузæрдæмæ зиннуй рауагъдонтæбæл дæр. Уони хæццæ ести куст кæнетæ?**

– Нийййерæги сæйрагдæр ихæс æй сувæллони фæлварæни размæ фæннифсгун æма фæрразæнгард кæнун, цæмæй æй æнтæстгинæй радта. Фал си домун ба неци гъæуй. Гъæуама сувæллæнттæ лæдæронцæ, фæлварæн кудфæнди ку раттонцæ, уæддæр сæ нийййергутæ берæ ке уарздзæнæнцæ, сæ карни гъуддæгутæбæл æновуд ке уодзæнæнцæ, уой.

**– Æма ма еу, рауагъдонтæ æма нийййергути базонун ке фæндуй, уæхæн фарста – сæрмагонд хузи аттестатти туххæй. Аци анз си ести æйййивддзийнæдтæ ес?**

– Нæйййес. Фæткæ федаргонд æрцудæй Уæрæсей Федераций рохсади Министради бардзурдæй. Хъæбæр хуарз аттестат æма майдан «За особые успехи в учении» райсдзæнæнцæ, еугур предметтæй дæр хъæбæр хуарз бæрæггæнæнтæ ка райста, еци еуæндæсæймагкъласонтæ. Сæрмагонд хузи аттестаттæ райсунвæндæ ка кæнуй, етæ дæр уруссаг æвзаг æма математикæй фæлварæнтæ ратгæй гъæуама 70 баллæй минкъийдæр ма райсонцæ.

**– Ци ес дæ зæрди зæгъун, аци анз Еумæйаг паддзахадон фæлварæн ка дæтдзæнæй, еци рауагъдонтæн?**




– Сæйрагдæр – хе раст æма æнхæстæй бацæттæ кæнун. Хъор уæ ци лæгъуз гъудитæ кæнунцæ, уони феронх кæнетæ, уæ хъауритæ æма зонундзийнæдтæбæл дузæрдуг ма кæнетæ, – етæ уин исуодзæнæнцæ уæ хуæздæр агъазгæнгутæ. Мæ зæрдæ уин зæгъуй æнтæстдзийнæдтæ!

* * *

Министр Алибегти Элли дзубандимæ æфтауæнæн ма ракæнуйнаг ан еуцалдæр хабарей кой. Нæ республики ахурадæ æма науки министрадæй нин куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй аци анз Еумæйаг паддзахадон фæлварæн дæттуни туххæй курдиадæ балæвардтонцæ 3739 ахурдзауи, (107 адæймаги си се 'нæнездзийнадæмæ гæсгæ цубуртæгонд равгити хæццæ). Уонæй 3030 – аци анзи рауагъдонтæ; 201 – астæуккаг профессионалон ахургæнæндæнтти ахурдзаутæ; 454 – раздæри æнзти рауагъдонтæ; 41 – Хонсар Иристони минæвæрттæ.

Аци анзи рауагъдонтæй 2081 равзурстонцæ математикæ. Тæккæ дзиллондæр фæлварæнмæ – уруссаг æвзагбæл – сæхе ниффинстонцæ 3419 адæймаги. Хевæндонæй равзурст предметтæй тæккæ нимаддæр æй æхсæнадæзонунадæ – уой равзурстонцæ 1984 адæймаги. Æнæмæнгæ дæттуйнаг æнцæ уруссаг æма математикæбæл фæлварæнтæ – уони æнтæстгинæй раттун ахедуй аттестат райсунбæл.

Еумæйаг паддзахадон фæлварæн дæттуни фæдбæл фарстатæ кæмæ фæззинна, уони бон æй нæ республики ахурадæ æма науки министрадæмæ бадзорун мæнæ ауæхæн телефонмæ: **8(8672) 53-49-40.**

**РЕДАКЦИЙÆЙ: Еугæр нæ абони дзубанди ахуради туххæй æй, уæд æнæмæнгæ æримисун гъæуй еу ахсгиаг цау. Цæветтонгæ, астинсæй анзей размæ Дзæуæгигъæуи байгон æй силгоймæгти фиццаг скъола. Уой туххæй уотæ финстонцæ: «… 10 числа мая месяца 1862 года священник Владикавказского осетинского прихода Алексей Колиев при молебствии Господу Богу с водоосвящением открыл в собственном доме школу для девиц-осетинок, в которую на первый раз поступило 18 учениц».**

**Аци цауи фæдбæл æрмæг кæсетæ 5-аг фарсбæл.**

НÆЛГОЙМАГ нæмæ алли рæстæгути дæр аргъ кæнун зудта æ цардæмбалæн, æ сувæллæнтти мадæн, æ къæбæргæнæгæн. Некæд æма нецæмæй æй дæлдæр кодта, кæд æ хæдзарæ нæлгоймæгтæн æма силгоймæгтæн дууæ хецæн дехгонди уидæ, уæддæр.

Мах адæми æгъдаумæ гæсгæ нæмæ нæлгоймаг æ цардæмбали нимадта, куд е 'мсæр адæймаг, утæ – уой хæццæ цæрди тумугъи ке бацудæнцæ, æма сæ сæ карни гъуддæгути æмхъиамæт кæнун ке гъæуй, уомæ гæсгæ.

### НÆЛГОЙМÆГТИ ÆМБÆРЦÆ – ЗОНУНАДИ БÆРЗÆНДТÆМÆ

Рæстæгутæ куд æййевгæ цудæнцæ, утæ нæ адæми цардарæзти дæр æййивддзийнадтæ цудæй. Зæгъæн, фулдæрæй-фулдæр цæстиварди æвæрд цæун байдæдта ахури гъуддаг. Æма еци гъуддагмæ, гъай-гъайдæр, фиццагидæр нæлгоймаг фæрразæнгард æй. Фал уой хæццæ ба нæ дзилли уæди раззагдæр зундирахасбæл хуæст адæймæгути гъудимæ гæсгæ, силгоймæг дæр еци ахсигæр гъуддагæй гъæуама гъæугæ ма уа. Æма е сæ сæйраг сагъæс иссæй, разæнгардæй архайун байдæдтонцæ, цæмæй зонундзийнæдти рохсæй нирраййдаст уа силгоймаги карнæ дæр. Уомæ гæсгæ ба, сæ еугур хъаурити æма гæнæнтæй пайда кæнгæй, нæ адæмихатти силгоймæгти фиццаг скъола Дзæуæгигъæуи фæззиндтæй 1862 анзи. Кизгуттæн æй æ хæдзари байгон кодта киристон дини косæг (протоиерей) æма нæ адæми 'хсæн рохситауæг Колити Аксо. Еци рæстæгмæ нæ лæхъуæнтæ киристон дин æма уруси æфсади агъазæй Иристони ахур кодтонцæ фараст скъолаеми. Скъолатæ адтæнцæ Дзæуæгигъæуи, Мæздæги, Гъæдгæрони, Суадаги, Алагири, Даргъ-Къохи, Киристонгъæуи, Комгæрон æма Бæтæхъойгъæуи.

Иристони кизгутти фиццаг скъолай фиццаг ахурдзаутæ адтæнцæ Гæздæнти Зиновия, Наталия, Кетован æма Саломея, Таучелати Агафия æма Гаянæ, Гусити Варварæ, Кочисати Мария æма Бабити Даря. Сæ нæмттæ амунд æнцæ, уæд гæгъæдити куд финст æрцудæнцæ, утæ. Сæ бийнонтæ, хеуæнттæ, зонгитæ сæмæ æндæр нæмттæй ке дзурдтайуонцæ, е дузæрдуггаг нæй. Сæ ахурæй Аксой зæрдæ циййнæй адтæй идзаг. Уой фæдбæл æ рапорти финста.

Æхсæз анзей фæсте аци скъолай ахур кодтонцæ 30 ахурдзауи. 1885 анзи ба – 68. Уогæ скъола æнæгъæнæйдæр ирон исхонæн нæййес, уомæн æма си ахур кодтонцæ æндæр адæмихæттити минæвæрттæ дæр: 43 си ирæнттæ адтæнцæ, 20 – уруссæгтæ, 4 – гурдзиæгтæ, еу ба – удинаг. Уойбæрцæ ахурдзаутæ, ке зæгъун æй гъæуй, нæбал цудæнцæ Аксой хæдзари, æма ин бунат байхуæрстонцæ. Скъола иссæй æртæкъласон, цæттæгæнæн хайади хæццæ... Алли къласи ахур кæнуни æмгъуд дæр адтæй дууæ анзи.

Ирон кизгутти скъолай ахур кодтонцæ киристон дин (закон божий), уруссаг æвзаг, ирæнттæ – ирон æвзаг дæр, арифметикæ, геометри, истори, географи, финсун, æрдзæзонæн, черчени, зарун, гимнастикæ, армæйдæсниадæ, педагогикæ, анатоми, зоологи æма гигиенæ. Уойбæрцæ зонундзийнæдтæ лæвардта скъола ирон кизгуттæн æма етæ дæр уони рохс хастонцæ сæ бийнонтæмæ, хеуæнттæмæ, зонгитæмæ, ци гъæутæй адтæнцæ, уоми се 'мгæрттæмæ дæр. Утемæй ирон адæми астæу рохсмæ бæллундзийнадæ тухгинæй-тухгиндæр кодта.

Ирон кизгутти скъолай карнæ фæстæдæр иссæй дузæрдуггаг, æ фæрæзнитæ, æ уавæртæ унгæг ке адтæнцæ, уой фудæй. Марамæлай къæбæри хузæ ин «Кавкази киристон дин иснæуæг кæнуни æхсæнадæ» ци фæрæзнитæ лæвардта, етæ æ еугур ихæстæбæл нæ хъæрттæнцæ. Еци уавæр тухсун кодта Гурдзий экзархи, уогæ æ тухст аци ахургæнæндонæбæл нæ адтæй, фал æхецæн æнцондæр куд уа, уобæл тухстæй. Æма уавæр фæррæвдзæдæр кæнунбул байархайуни бæсти 1891 анзи 5 январи рахаста унаффæ æ нихгæнуни тухæй. Уой Къоста рахудта фудракæндæ, еци унаффи нихмæ Иристони интеллигенций хуæздæртæ еумæ иситадæнцæ, æма скъола багъæуай кодтонцæ. Уомæн син фæййагъаз æнцæ газетти мухургонд уацтæ, синоди оберпрокурормæ гъаст, скъола ке ном хаста, уомæ – къниаз Федори кизгæ Ольгæмæ финст курдиадæ.


Ольгински силгоймæгти гимнази.

# НÆ ИРИСТОНИ КИЗГУТТÆ – ЕУГУРЕМÆЙ АХУРГОНДДÆР


Гимназий ахурдзаутæ Верæ ТАТАРОВА, ТУАТИ Ольгæ, ДЗУГАТИ Верæ (лæууй).

### ДЕСИ ÆФТУДТА, КУД РАЗÆНГАРД АДТÆНЦÆ АХУРАДÆМÆ

Фæстæдæр скъола иссæй силгоймæгти гимнази. Æ бунат адтæй Маркуси гъæунги нури Цæгат Иристони паддзахадон университети физикон-математикон факультети æма педагогон институти азгъунстити. Уæдæй фæстæмæ кизгутти ахури фарстамæ дардтонцæ æндæр, хуæздæр цæстингас. Æма 1870 анзæй фæстæмæ силгоймæгтæн райдайæн скъолатæ байгон æнцæ Салугæрдæни, Æрæдони, Даргъ-Къохи, Ольгинскийи, Гизæли, Гъæдгæрони, Киристонгъæуи æма Хумæллæги. Етæ адтæнцæ еукъласонтæ, цуппаранзонтæ. Зонундзийнæдтæ син лæвардтонцæ дууинсæй ахургæнæгей бæрцæ. Ирон кизгуттæ ахурмæ хъæбæр зæрдæргъæвд разиндтæнцæ, хицæ сæмæ кодтонцæ иннетæ дæр. Уогæ ахур кæнунмæ си беретæ бæргæ бæлдтæнцæ, фал сæ еугурей скъолатæмæ райсунæн фадуат нæ адтæй. Уомæн æма уонæми нæ фагæ кодтонцæ бунæттæ, ахургæнгутæ. Ахургæнгутæ фулдæр ба адтæнцæ, сæхуæдтæ Ирон кизгутти гимнази каст ка фæцæй, етæ.

Гъуддаг хуæздæрæрдæмæ цæхгæрмæ раййивта Октябри революций фæсте. Алли гъæуи дæр ирæзгæ фæлтæрæн сæ дуæрттæ байгон кодтонцæ хе хæдзæртти еумæйаг скъолатæ. Æма кæд сæ уавæртæ унгæг адтæнцæ, уæддæр сæмæ адæм æхцæуæнæй æрвистонцæ сæ цæуæти. Фиццаг æнзти Дзæуæгигъæуи еумæйаг ахурадон астæуккаг скъолатæбæл бафтудæй дæс, байгон си æй ахургæнгути дууæ семинари, ахургæнгути институт. Скъолай ахурдзаутæ фулдæр кизгуттæ ке адтæнцæ, уой æнæ æрæстæфæн нæ адтæй.

Ирон кизгуттæ хъæбæр фæццалх æнцæ ахурбæл. Æма Байати Гаппо куд финста, утемæй кæд æма 1913 анзи Мæскуй уæлдæр скъолати 22 кизгæ-студенттемæй айдагъ æртæ адтæнцæ ирæнттæ, Харькови уæлдæр скъолати ба 15 ирон кизги ахур кодта, уæд 1939 анзи ба Еугурцæдесон исфинсти амунд цæуй, мин адæймагей хигъди уæлдæр æма астæуккаг сæрмагонд ахургонддзийнадæ кæмæ адтæй, уонæй силгоймæгтæ адтæнцæ: балхъайрæгтæ – 13, мæхъæлæнттæ – 1, кæсгæнттæ – 10, цæцæйнæгтæ – 1, ирæнттæ ба – 69.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма 1959 анзæй фæстæмæ абони уæнгæ ба нæ адæми минæвæрттæй ахуради алли къабæзти ка архæйуй, уони 'хсæн силгоймæгтæ нæлгоймæгти æмбæрцæ æнцæ, кæцидæр къабæзти ба сауæнгæ фулдæр дæр ма. Нæ силгоймæгтæй наукити кандидаттæ, наукити доктортæ, профессортæ, академиктæ, уони утид нимад дæр ка фæуууодзæнæй. Устур æнтæстдзийнæдтæ æвдесунцæ медицини, филологий, историй, биологий, фундаменталон наукити. Ес нæмæ е 'ртасæн куститæ Нобели премий аккаг кæмæн адтæнцæ, уæхæн силгоймаг ахургонд дæр, зæгъæн, Бутати Фатимæ, е бони рохси цирæгътæ æргъуди кодта. Уæд ма Советон Цæдес адтæй, æма ин премий раттун фæсарæйнаг политикити цæстæ нæ бауарзта.

### ХЕСТÆРÆЙ КÆСТÆРМÆ ЛÆВÆРД ЦÆУЙ ФАРНИ ГЪУДДАГ

Цард утæ арæзт æй, æма си берæ цидæр мулкитæ уæддæр ескæд кенæ искадавар унцæ, кенæ ба бунтон фесæфунцæ. Фал си æносон дæр берæ цидæртæ æнцæ, æма уонæй æнцæ уоди фарнæ, зæрди хуарзæнхæн – уонæн ба фæуууæн нæййес. Колити Аксо кæддæр Иристони æригон силгоймаги ци уоди фарнæй, зæрди хуарзæнхæй фæххайгин кодта, уонæн дæр фæуууæн нæййес, фæлтæрæй-фæлтæрмæ нерæнгæ дæр ма сæ базургин кæнунцæ. Хестæрæй кæстæрмæ лæвæрд цæунцæ тæккæ ахсгиагдæр хæзнатæй...

Уогæ е æндæр, сæрмагонд дзубандий фарста æй.

*Президент РФ Владимир Путин: «Россия всегда была многонациональной и многоконфессиональной страной, она так и создавалась. Во взаимообогащении культур, традиций, религий заключались и заключаются до сих пор и своеобразие, и сила нашей общей Родины – России... На протяжении веков в нашей стране развивались традиции*



# ОБРАТНОЙ ДОРОГИ НЕТ

***В подобие Мекки превратился на днях древний город Болгар. Здесь собрались более двадцати тысяч мусульман со всей России, а также гости из 70 стран по случаю 1100-летней годовщины принятия ислама Волжской Булгарией.***

***Именно тут, в столице Волжской Булгарии в 922 году хан Алмуш принял посольство из Багдадского халифата и объявил ислам государственной религией. Так был сделан цивилизационный выбор, повлиявший не только на историю татарского народа, но впоследствии и всего Российского государства. Мусульмане стали неотъемлемой частью многоликой империи.***

***И вот в юбилейный 2022 год принятия ислама Волжской Булгарией уже празднует вся страна. В Казани в рамках торжеств прошло множество значимых форумов. Это и XIII Международный экономический саммит, и заседание Группы стратегического видения «Россия – Исламский мир». Их участники, преимущественно представители мусульманских стран также прибыли в Болгар.***

***В эти дни город будто вновь стал прежней столицей Волжской Булгарии, перекрестком торговых путей и цивилизаций. На мощеных тропинках городища можно было встретить имамов из Средней Азии, арабских шейхов, африканских послов. Развернулся на территории музея-заповедника и шумный базар. Но все это людское брожение стихло, когда прозвучал призыв к молитве. По традиции все паломники и гости совершили коллективный намаз.***

***Во всех этих мероприятиях принял участие Хаджимурат ГАЦАЛОВ – муфтий нашей республики, член Группы стратегического видения «Россия – Исламский мир». И сегодня он с нашими читателями делится своими впечатлениями, в частности о заседании Группы стратегического видения «Россия – Исламский мир», на котором внушительно был продемонстрирован позитивный опыт России по сохранению межнационального и межконфессионального согласия, подчеркнуло уникальный евразийский характер нашего государства.***

Ключевой темой деловой программы XIII Международного экономического саммита «Россия – Исламский мир: KazanSummit 2022» стала экономика совместного потребления, а ключевыми темами саммита – предпринимательство и инвестиции. Заседание группы стратегического видения «Россия – Исламский мир» призвано показать позитивный опыт России по сохранению межнационального и межрелигиозного согласия, подчеркнуть уникальный евразийский характер нашего государства. Выступающие на секциях эксперты отметили важность выстраивания диалога цивилизаций, а не разжигание противостояния.

Хаджимурат Гацалов, член Общественной палаты РСО-А, муфтий РСО-А:

– Мировая политическая элита внимательно следит за театром действий ВС РФ на территории Украины. Не буду говорить об аргументах союзников или противников военных действий, ибо в данной ситуации, как бы цинично ни звучало, – это частности происходящего. Идет глобальный передел существующего мироустройства. Наиболее масштабный, чем когда-либо, и наиболее противоречивый. Украина выбрана ими как наиболее подходящий в данный момент плацдарм давления на Россию. Украина принесена в жертву амбициям Запада, так же, как и Грузия в 2008 году. Та же ложь, те же циничные заявления и мощнейшее информационное оболванивание народов Европы.

Это – не конфликт, и тем более не война России с Украиной, как это преподносят силы, вооружившие Украину и толкнувшие ее на заведомо неразумное противостояние. Идет открытая фаза исторического идеологического противостояния Запада с Россией.

Украина в этой фазе, как и вчера Грузия, является инструментом и оружием нашего извечного противника. Более ста лет Запад вооружал и провоцировал население западной части Украины, внедрил и пестовал националистическую идеологию, которая сегодня охватила правящие круги страны. Так что это не одномоментный переход в другой идеологический лагерь. Процесс проходил долго и мучительно, на глазах всей Европы. Но Россия, за исключением нескольких политиков, предупреждавших об опасности укрепления украинской армии, ведя с Киевом душевные баталии о цене за газ, наблюдала за происходящим вполне снисходительно. В это же время США спокойно прибирала к своим рукам всю Украину. Даже стоявший на либеральной платформе А. Собчак, еще в начале «самостийности», предупреждал об опасности, исходящей от амбиций украинских политиков.

Надеюсь, что это для наших политиков уже в прошлом, и пришло понимание иной роли России в современном мире, пришло время совершенно другого подхода к принципам межгосударственных отношений.

Грядет кардинальное изменение политической карты Европы. Сдвиг мировой политической системы, и как следствие – реформация ее финансовой составляющей. Не за горами возникновение новых экономических союзов и коммуникаций, и, естественно, очередь локальных политических рокировок, вызванных волной тектонического разлома существующей системы.

Хочется надеяться, что в русле этих событий возрастет уровень суверенности некоторых государств. И, может быть, придет другое осмысление роли России в европейской системе координат. В 1945 году с помощью СССР произошло становление некоторых государств Европы. Сегодня в нашей с вами реальности с участием России ситуация с оздоровлением политического климата в Европе может повториться. Имею в виду только благое участие в увеличении уровня суверенности и экономической свободы государств Евросоюза.

Происходящее необходимо рассматривать и с этого ракурса. Мир уже не будет таким, каким он был прежде. Мы вошли в следующую фазу переформатирования существующей системы, и возникает вопрос: а какой будет роль России в новой системе координат, и каков будет ее политический образ?

Многие хотят представить ситуацию как отчаянный бросок России в ответ на тотальное давление Запада. Как необдуманные, непросчитанные и авантюрные действия потерявшей мощь империи. Как желание решить накопившиеся проблемы быстротечной победоносной войной. К сожалению, для многих обывателей, особенно на Западе, внешне все так и выглядит. Действия России для них непонятны и вызывают настороженность, отторжение. Мощнейший информационный шквал, лживый и лицемерный, сопровождающий военную операцию, искажает происходящее и дезориентирует людей. Сама по себе информационная война против России и всего, что связано с ней, с народом России – показательный пример противодействия нашему государству во всех сферах международного сотрудничества. Неприятие России Западом – фактор системный и бессмысленный, существующий вопреки логике и экономическим бонусам при взаимодействии с нашей страной.

Россия никогда, ни при каких общественно-экономических формациях, ни при каком политическом устройстве не соответствовала политическому духу Запада. Видно, дух у нас другой, неконвертируемый!

Насколько прав автор, утверждающий – «Запад есть Запад, Восток есть Восток, и с места они не сойдут…», не знаю. Но стереотип живет.

Анализ информационного материала последних 3-4 месяцев удивлял утверждениями о военном конфликте между РФ и Украиной. Предложение Президента РФ, действия дипломатов и главы МИДа нашей страны игнорировались или просто отвергались, нивелируясь в словесной шелухе европейских политиков.

В то же время эти же силы в ускоренном темпе вооружали Вооружунные силы Украины и подталкивали их к действиям на территориях ДНР и ЛНР. Желание Запада изолировать Россию, лишить ее мирового политического авторитета – его извечная, ноабсолютно несбыточная мечта. Санкции против России, провокации, продуманные унижения ее граждан в различных форумах, в том числе на спортивных аренах – неполный антироссийский арсенал политических деятелей Запада.

Объявление любого разумного предложения России шантажом, агрессией и прочими измышлениями показывает бесполезность и даже абсурдность предлагаемого диалога. Предполагается один подход – нескрываемый диктат во всех сферах взаимодействия. Для сомневающихся напомню: согласно военной доктрине США, Россия – ВРАГ №1. Враг США является врагом №1 для НАТО и, соответственно, абсолютного большинства государств Европы.

Ситуация напоминает весну 1941 года – объединение промышленного потенциала Европы под эгидой нацистской Германии. Объединение против Советского Союза. Но Европа во главе с фашистской Германией была повержена, враг был разбит, нацизм был уничтожен. Многие не могут простить свое поражение в 1945 году и переформатирование Европы, которое позволило европейцам прожить в мире более пятидесяти лет. Не могут простить свое поражение ни себе, ни, тем более, России как наследнице Союза Победителей.

Превращение территории Украины в военный плацдарм превентивного удара против России завершилось. Так что происходящее никак не отчаянный бросок России. Стечение многих факторов и действия Запада, поставившие мир перед выбором, вынудило и Россию принять превентивные меры.

Именно в такой плоскости необходи-

**4 июня исполняется 245 лет со дня рождения русского военачальника и государственного деятеля, участника Кавказской войны Ермолова Алексея Петровича (1777-1861).**

***просвещенного ислама. И в том, что в России мирно сосуществуют разные народы, религии, безусловно, огромная заслуга мусульманской уммы. Она внесла достойный вклад в обеспечение согласия в нашем обществе и всегда стремилась строить внутри – и межрелигиозные отношения, общение на принципах веротерпимости…»***

мо рассматривать сложившуюся ситуацию. Не конфликт с Украиной, а борьба за свой суверенитет, за право осуществлять волю своего народа, за многообразие его национальной самобытности.

Россия восстала против системы, унижающей ее достоинство и ставящей под сомнение ее дальнейшее существование. Восстала против посягательств, направленных на разрушение ее национальной идентичности.

Любое движение России в сторону своего национального интереса называют российской экспансией. Для России и россиян стало нормой отвечать вызовам времени. Это в корне неверный подход. Мы отвечаем на вызовы, регулярно подготавливаемые и организованные против нас и ставящие нас в позицию ответчика, обвиняемого. Думается, настал момент не отвечать «вызовам времени», а быть авторами, ведущими, теми, кто сам меняет ситуацию, теми, на действия которых кому-то придется отвечать. Мы должны изменить стратегию и прогнозировать события, а вызовы нейтрализовать на дальнем подходе, еще лучше в зародыше.

Созрел момент однозначного, несмотря ни на какие финансовые потери, выхода из-под любого внешнего управления. Пришло время избавиться от стереотипов и менять мировоззрение как в государственном масштабе, так и в гражданском сообществе.

Как я понимаю, глава государства осознано пошел на потерю золотовалютного резерва страны, ставшего залогом нашего повиновения и послушания Западу, вопреки интересам государства. Следом последовал вполне логичный отказ от многих межгосударственных договоренностей, ставивших нас в заведомо зависимое положение.

Рубикон перейден. Обратной дороги нет. Иначе нас ждет затухание национального самосознания и медленное политическое угасание страны.

Озвучу несколько предложений в данной ситуации: действовать на упреждение любых вызовов извне, изменить в наших законодательных актах все, что нам мешало развиваться и двигаться вперед; вернуть государству национальную идеологию, отвечающую чаяниям и надеждам народа; определить стратегию государства на десятилетия вперед и утвердить преемственность системы государственного управления; разработать долгосрочную систему государственной безопасности во всех областях жизнедеятельности, начиная с продовольственной и производственной; вернуть доверие народа, изменив вызывающие возмущение законодательные акты, особенно в отношении ЖКХ; вернуть или доработать срок выхода на пенсию.

Вернуть национальную культуру народов России, в том числе культуру религиозного мировоззрения. Россию на протяжении всей ее истории не раз спасало Провидение Божие. Но мы, встав на ноги, из раза в раз не признаем этого и отворачиваемся от своего Господа.

Проникновение в умы и сердца молодежи сатанинской псевдокультуры – не сила идеологии Запада и шайтана, а показатель нашей с вами слабости. Сработничество конфессий должно быть ежечасным процессом, а не лозунгом для наших форумов.

Соработничество конфессий, общественных организаций и органов власти должно быть искренним и взаимным. Мы должны стать одним организмом, спаянным идеей нести благо своему народу, с ясной целью и четкими задачами, с абсолютным отсутствием показухи и формализма.

*«Северная Осетия» №88 от 24.05.2022*

# АЛАНСКАЯ БИБЛИОТЕКА

## Подарок к юбилейной дате




***Осенью текущего года на федеральном уровне будет отмечаться государственный и церковный праздник – 1100-летие крещения Алании.***

В рамках подготовки к празднованию идет большая работа. Реставрируются памятники архитектуры и истории в Нижнем Архызе, средневековые храмы на территории Северной Осетии (Зругский и др.), ведется активная работа по возрождению богослужения на осетинском языке, на нем изданы «Новый Завет» Библии, «Божественная литургия», молитвословы, возрожден исторический комплекс дореволюционной резиденции владикавказских архиереев с домовым храмом и многое другое.

Среди книжных новинок, предусмотренных программой подготовки к юбилею, наиболее примечательным событием следует назвать выход в свет весьма солидной по объему и богатейшей по содержанию монографии известного ученого-этнолога, кандидата исторических наук, старшего научного сотрудника СОИГСИ ВНЦ РАН, доцента Л.К. Гостиевой «Просветители Осетии. Очерки о деятелях Православной церкви второй половины XIX – начала XX вв.» Впервые она увидела свет в 2014 г. Однако новое издание отличается более высоким научным уровнем, оно значительно дополненное, переработанное и иллюстрированное.

Работая с Ларисой Казбековной в одном отделе СОИГСИ, я являюсь свидетелем того, какую титаническую работу провела она за последние два десятилетия по изучению жизни и анализу просветительской деятельности наиболее выдающихся православных деятелей Северной Осетии во второй половине XIX – начале XX вв.

Перед этими знаковыми личностями осетинский народ в большом долгу, ибо они стояли у истоков народного образования. Благодаря их инициативе и непосредственным усилиям в Осетии появились первые школы, первые печатные слова на родном языке.

Монография Гостиевой, состоящая из введения, развернутого предисловия, основной части из 21 глав, заключения и солидной библиографии, – серьезное научно-популярное исследование. По существу книга не нуждается в широкой рекламе (большинство героев были представлены на страницах «СО»). Тем не менее, будучи написанной на важную и актуальную тему, она заслуживает того, чтобы раскрыть ее значимость, особенности.

Книга представляет собой очерки о деятелях Православной церкви Северной Осетии со второй половины XIX в. до начала XX в. Однако, чтобы читателю был более доступен излагаемый в монографии материал, в предисловии наряду с подробным историографическим обзором архивных источников и богатой литературы вокруг темы автор делает краткий, но научно выверенный экскурс в многовековую историю христианства в Алании – Осетии: с первых веков н.э. до середины XIX в., когда начинается «время наиболее активной миссионерской и просветительской деятельности подвижников Православной церкви в Осетии».

С поставленной перед собой задачей автор блестяще справилась. Ею научно обработан значительный материал о жизненном пути и основных направлениях «миссионерской и культурно-просветительской работы 21 выдающегося деятеля Православной церкви, внесшего наиболее весомый вклад в развитие национальной культуры и образования, в формирование национального самосознания».

Пожалуй, это первая и единственная книга об истории распространения православной христианской религии в Осетии. И хотя она состоит из отдельных очерков о деятелях церкви, познакомившись с ней, читатель получит четкое представление о всей истории православного христианства в Осетии, необходимую информацию о работе «Осетинской духовной комиссии», «Общества по распространению православного христианства на Кавказе», о первой осетинской азбуке, о первой осетинской школе в Моздоке, о Владикавказском духовном училище, об Ардонской духовной семинарии и многих других. Одно перечисление имен просветителей впечатляет: Иосиф Чепиговский, Аксо Колиев, Григорий Мжедлов, Василий Цораев, Георгий Кантемиров, Даниил Чонкадзе, Михаил Сухиев, Соломон Жускаев, Георгий Караев, Алексий Аладжиков, Александр Цаликов, Борис Гатиев, Косьма Токаев, Георгий Сикоев, Алексий Гатуев, Стефан Мамитов, Сека Гадиев, Моисей Коцоев, Иоанн Рамонов, Харлампий Цомаев и Александр Кодзаев. Со светлым именем каждого из них связаны становление Православной церкви и вклад в дело просвещения в Осетии во второй половине XIX – начале XX вв. Читателю будет весьма интересно: кто же эти выдающиеся деятели осетинского православия, в чем их заслуги перед осетинским народом?

Книга открывается биографическими очерками о епископе Иоанне Чепиговском и протоиерее Алексие (Аксо) Колиеве, которых на полном основании автор называет выдающимися священнослужителями, внесшими наиболее значительный вклад в возрождение православного христианства в XIX в., которых еще при жизни по праву именовали «апостолами Осетии». Чепиговский прославился тем, что, изучив осетинский язык, создал первый «Русско-осетинский словарь», приложив максимум усилий для издания книг на осетинском языке. А Колиев – радетель православия, переводчик, первый осетинский духовный поэт, создатель первой на Северном Кавказе школы для девушек. Долгие годы Григорий Мжедлов – первый переводчик богослужебной (Псалтырь, Четвероевагелие) и учебной литературы на осетинский язык, первый, применивший разработанный академиком Шегреном алфавит на основе русского письма. Среди героев книги: Василий Цораев – переводчик апостольских посланий и первый собиратель осетинского фольклора, Соломон Жускаев – первый осетин-этнограф, Алексий Гатуев – автор известной работы «Христианство в Осетии», Борис Гатиев – автор этнографического труда «Суеверия и предрассудки осетин», Иоанн Рамонов – создатель первого осетинского настенного календаря, Моисей Коцоев и Харлампий Цомаев – издатели первого осетинского журнала «Чырыстон цард» («Христианская жизнь»). Как видим, героями книги Ларисы Гостиевой являются выдающиеся представители духовной интеллигенции Северной Осетии, в числе которых – не только священнослужители, но и миряне – преподаватели церковных учебных заведений, этнографы, религиоведы.

Существенным дополнением к представленной книге по сравнению с первым ее изданием 2014 года является очерк об одном из ярких представителей православной просветительской интеллигенции начала XX века Александре Николаевиче Кодзаеве. Его деятельность в качестве наблюдателя церковноприходских школ Северной Осетии вызвала бурную критику со стороны либерально-демократической учительской интеллигенции, перекинувшейся на страницы прессы. Перегибы в оценке деятельности Кодзаева («клерикал», «мракобес») имели место в официальной литературе, вышедшей в советское время. Далекой от объективности была и оценка его главного исторического труда «Древние осетины и Осетия», в котором автор попытался представить целостную картину истории аланского православия. Как правильно пишет Лариса Гостиева, оценка исторического труда А. Кодзаева стала меняться с начала нынешнего тысячелетия и нашла отражение в обобщающих трудах Ф.Х. Гутнова, С.А. Айларовой, М.Э. Мамиева. Они признали исследования Кодзаева первой специализированной монографией, посвященной истории Осетии, подтверждая, что это не компиляция дилетанта, а самостоятельное исследование, выполненное на довольно высоком для своего времени научном уровне, в котором использованы почти все существующие источники и научная литература его периода. Учеными подчеркивается влияние книги, которое она оказала на рост национального самосознания народа и стимулирование интереса к изучению древней истории Осетии.

Очерк об Александре Кодзаеве – первое наиболее полное в критическом ракурсе осмысленное исследование жизни и творчества одного из столпов национальной культуры осетинского народа.

Монография Л. Гостиевой читается легко и с интересом, материал подается простым и понятным русским языком. Существенно дополняют представление о героях книги редкие фотоиллюстрации, хотя их подача в черно-белом цвете несколько снижает впечатление. Кроме того, явно не хватает очерка об Иуане Ялгузидзе – первом проповеднике христианского учения, просветителе, переводчике церковной литературы, авторе первых осетинских азбуки и букваря, поэмы «Алгузиани» (на грузинском языке). Во введении о нем даны краткие сведения, но считаю их недостаточными для такой масштабной личности.

В заключение еще раз хочу выразить признательность Ларисе Гостиевой, сделавшей ценный подарок к предстоящему празднованию 1100-летия крещения Алании. Заслуживают добрых слов и сотрудники издательства «Ир» К.У. Таутиев, Т.Т. Техов, А.Г. Царакти, Н.У. Гаппоева, именно благодаря их стараниям книгу приятно держать в руках.

***Людвиг ЧИБИРОВ, профессор, заслуженный деятель науки РФ***
***«Северная Осетия» №92 от 28.05.2022***

**Сто двадцать лет назад (3 июня 1902 г.) во Владикавказе была освящена Успенская (Успенья Богородицы) церковь, в народе называлась «Греческая». Она была построена на средства почетного гражданина города купца Панакотия Евстафиевича Марандова.**

***Мигель де УНАМУНО (1864-1936), испайнаг финсæг: «Исонибон нæййес. Исонибон некæд фæуууй. Исонибон ке хонунцæ, е айдагъдæр агъазиау Мæнгæ ʻй. Æцæг исонибон абони бон æй. Исон ци уодзинан? Нæййес исон, нæййес!.. Ес айдагъдæр абони, мæнæ нури рæстæг. Æма фарста æвæрун гъæуй уотæ: «Мах нæхуæдтæ абони ка ан, ци ан?..»***




Цард æносон æй, зæгъгæ, æмбесонди загъдмæ гæсгæ зæрдæбæл æрбалæууй еу рагфидтæлтиккон таурæхъ.

Хуцау, дан, цæрæгойти ку исфæлдиста, уæд адæймагæн цæрæнбонæн бахай кодта дæс æма инсæй анзи. Адæймаг ба æнæфсес æма æнарази кæд нæ адтæй – минкъий имæ фæккастæнцæ æ царди æнзтæ æма Хуцауæн бауайдзæф кодта:

– Уæхæн минкъий цæрæнбонтæ мин цæмæн бахай кодтай?

– Кæд дин нæ фагæ кæнуй, уæд дæлæ хæрæги æнзтæй райсæ, – загъта ин Хуцау.

Рацудæй адæймаг хæрæгмæ æнзтæ корæг. Раварда ин си, фал имæ етæ дæр фагæ нæ фæккастæнцæ.

Хуцау бабæй ин уотæ:

– Дæлæ куййи æнзтæй дæр райсæ.

Райста куййи æнзтæй дæр адæймаг. Фал уæддæр арази нæ адтæй Хуцауи унаффæй.

Бацудæй бабæй имæ. Е дæр бабæй ин загъта:

– Гъома дин кæд фагæ нæ ʼнцæ, уæд дæлæ маймулий æнзтæй дæр райсæ.

Райста бабæй адæймаг маймулий æнзтæй дæр. Фагæ имæ нæ фæккастæнцæ æ цæрæнбонти æнзтæ уæддæр, фал Хуцаумæ бацæун æма ма си æнзтæ ракорун æ цæсгон нæбал бахуæстæй.

Уæдæй фæстæмæ адæймаг æ царди бæнттæ æрветуй лæги, хæрæги, куййи æма маймулий цардæй: сувæллонæй бийнонтæн фæууй æлдари бунати, ци хуæздæр бахуæра, ци хуæздæр искæна бæл ин фæййархайунцæ. Æ лæги карæмæ ку бацæуй, уæд си агорунцæ хæрæги куст. Уой фæсте ба æнæхъаурæй некебал фæгъгъæуй æма куййи хузæн алцæмæ дæр æнгъæлмæ кæсуй; бустæги зæрондæй, незти буни ку фæуй, æ зундæй дæр ку фæккеуй, уæдта маймулий цард фæккæнуй.

### АДÆЙМАГÆН Æ ФУРЗУДÆ ФУДЗИНТÆ КУД РАСАЙДТА...

Аци таурæхъ, ка ʼй зонуй, кæмæдæрти æгæр гурумухъ фæккæсдзæнæй. Фал адæймаги уодиконд æцæгæйдæр уотæ нæй – цийфæнди зæруамæ ку фæццæрай, цийфæнди ку нихходхæ уа, уæддæр ма цæруни æнзтæмæ бæллуй...

Адæймаг а дуйнебæл куддæр фæззиндтæй, уæдæй ардæмæ цæуунцæ дзубандитæ, æ цард æносон куд исуа, уомæн гæнæн æма амал ку нæ уа, уæдта уæддæр сæдæ æма фулдæр æнзти дæргъи куд цæра, уой фæдбæл.

Аци фарстатæ æносон кæд æнцæ, уæддæр сæбæл, куд фæззæгъунцæ, сæ сæртæ састонцæ æма нерæнгæ дæр ма сæттунцæ берæ фæлтæртæ, уæддæр сæбæл бæлвурд дзуапп ба нæма рантæстæй... Уæддæр абони бавзарæн геронтологий (адæймаги цард дæргъвæтийнæ кæнуни) ахургæндти къохи ци æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй, уонæбæл æрдзорун. Алкедæр æй зонуй, адæймаг цæмæй фулдæр цæра, уой туххæй фиццагидæр байархайун гъæуй, цæмæй зæронд ма кæна, æригон тог æхседа æ бауæри. Æма аци гъуддаг ба рагæйдæр ахургæндтæн уæлдай сагъæссагдæр фарста æй. Æнцон нæй æрдзи сосæгдзийнæдтæмæ къох бакæнун. Ка ʼй зонуй, исонибони уой фæдбæл никки æнхæстдæрæй пайдагонд цæудзæнæй наукон-техникон райрæзти æнтæстдзийнæдтæй. Адæймаги дæргъвæтийнæ царди сосæгдзийнæдтæ ку раргом уонцæ, уæд дуйней цæргутæ кенæ бæлвурд фæййамондгундæр уодзæнæнцæ, кенæ ба син фæззиндзæнæй цидæр сагъæссаг фæстеугутæ дæр.

Алли гъуддаги дæр берæ аллихузон цæлхдортæ фæууй райдайæнти. Адæймаги бауæр цæмæй зæронд ма кæна, æ цард дæргъвæтийнæ уа, уой туххæй ес берæ мадзæлттæ, фал сæ еугур зундгонд нæ ʼнцæ ахургæндтæн. Адæймаг, зæгъæн, исхизтæй дуйней устурдæр хонхи цъопп Эверестмæ, уæд, денгизи æмвæзадæй 8848 метри бæрзæндæй кæсгæй, зингæ хуæздæр зиннуй дуйне, æ æрдзи исконд. Цидæр цæмæдесаг зæрдæскъæфæнтæй байдзаг уй æ уод. Уогæ ба, дуйнебæл алцидæр куд хумæтæг æй! Фал цæйбæрцæ фудæбон кæнун багъæуй еци хумæтæгдзийнади сосæгдзийнæдтæ базонуни туххæй.

Мадта геронтологи дæр, æвæдзи, æ ирæзти бæрзæндæй уотæ хумæтæг æма лæдæрдгонд уодзæнæй, куд æрдзæ æхуæдæг. Фал науки аци вазуггин къабазæ нерæнгæ ма, уæхæн æнæлæдæрд æй, æма си гипотезитæй уæлдай бæлвурд нецима ес. Косгæ ба ибæл бæргæ кæнунцæ беретæ: дохтиртæ æма биологтæ, химиктæ æма физиктæ, математиктæ æма æндæр аллихузон дæсниæдти минæвæрттæ.

Математикти гипотезæмæ гæсгæ, адæмаги цард 30 процентей бæрцæ фæццубурдæр уй базæронди фудæй нæ, фал аллихузон незти азарæй.

Æцæгæйдæр, нуриккон медицинæн фулдæр хатт æ бон неци исуй зæрдæ æма тогдадзинтти, сæкæри диабет, рак æма æндæр æверхъау незти нихмæ.

### ЦАРД МАСТÆЙ ДÆР, ЦИЙНÆЙ ДÆР – ИДЗАГ

Уогæ фæстаг æнзти ахургæндтæ æргъуди кодтонцæ, адæймаги организм цæмæй зæронд ма кæна, уомæн агъаз ка ʼй, уæхæн хуастæ. Фармацевтон промышленность уадзун райдæдта декамевит, оркамин, квадент, черентал æма æндæртæ. Аци хуастæмæ хъæртун кæнунцæ, аллихузон бауæргъæдтæ кæми ес, уæхæн витаминтæ. Фал сæмæ уæддæр гъæугæ фагæ хъаурæ нæййес адæймаги бауæр æригондæр кæнунæн.

Нерæнгæ адæймаги рæстæмбес царди рæстæг 100 æма фулдæр æнзти бæрцæ фæддаргъдæр кæнуни мадзал нæма ес. Гъæуй тæккæ нæуæгдæр ахедгæдæр мадзæлттæ. Ахургæндти къохи етæ исонибони ке бафтуйдзæнæнцæ, е дузæрдуггаг нæй. Исонибони адæймаги цард исуодзæнæй æносон.

Раст ку зæгъæн, уæд каргунтæй берети бон фæууй хæдзари зелæнтæ кæнун. Боливий цæрæг силгоймаг Макаранже ма 103-анздзудæй дæр адтæй кустгъон. Пьер Дефурнель 120-анздзудæй уосæ ракурдта æртиккаг хатт. Е ʼртæ фурти адтæнцæ XVII, XVIII æма XIX æности игурдтæ. Венгрий цæрæг Джон æма Сарра Равел рамардæнцæ 1925 анзи – лæгбæл цудæй 172 анзи, силгоймагбæл – 164, сæ фуртбæл ба исæнхæст æй 116 анзи.

Турккаг силгоймаг Фатимæ Эдигер ба еугурей дæр деси бафтудта. 1964 анзи ин 95-анздзудæй райгурдæй дууæ сувæллони, æ лæгбæл ба цудæй 127 анзи. Мадта Азербайджани хуæнхаг гъæуи цæрæг Ширали дæр дзæвгарæ фæццардæй – 150 анземæй фулдæр.

Уогæ ахургæндтæ дузæрдуг кæнунцæ аци хабæртти æцæгдзийнадæбæл. Адæймаг æма цæрæгойти хузтæй алкæмæн дæр цæрунæн ес бæлвурд рæстæг. Зæгъæн, миститæ цæрунцæ 2 анзи, берæгътæ – 10-12, бæх – 30, халон ба 100 анзи. Мадта кæфхъундар æма уæртгун хæпсæ (черепаха) ба фæйнæ 300-гай æнзтæ ке цæрунцæ, е дæр уи баруагæс уæд.

Адæймаги дæргъвæтийнæ цард аразгæ ʼй аллихузон æууæлтæй. Зæгъæн, е ʼнæнездзийнадæмæ циуавæр цæстæй кæсуй, куд æнхæст кæнуй хегигиени амунддзийнæдтæ. Хуæруйнаг, куд æнгъезуй, уотæ хуæрун дæр æй æнæнездзийнади хуæздæр мадзæлттæй еу. Хе гъæуай кæнун фæгъгъæуй зианхæссæг бактеритæй, хуæцгæ незтæй, зæрдристæй æма уæд адæймаги цæрæнбон берæ кæнуй.

### КАРГУН АДÆМ ДУНЕЙ КÆМИТИ БА НÆЙЙЕС!..

Кавкази цæргутæ нæ бæсти адæмти ʼхсæн бæрцæй æнцæ цалдæр проценти. Фал, ами 100 анземæй фулдæр кæбæл цæуй, уæхæн адæймæгути нимæдзæ ба иннæ регионтæй æй дзæвгарæ фулдæр. Уой хæццæ ба ма ардигон, каргун адæймæгутæ фæуунцæ иуонгрæуæг æма цардбæллон. Раздæр æнзти Абхазти республики адтæй 90-анздзуд зæрæндти хореографион ансамбль. Концерттæ лæвардта фæсарæнти дæр.

Айдагъ Кавкази нæййес, берæ цæрæнбон кæмæн ес, уæхæн адæймæгутæ. Хуæнхон Алтайи 100 мин цæрæгемæй 100 анземæй фулдæр кæбæл цæуй, етæ ʼнцæ 57, Таймыри – 91. Мадта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий дæр каргун адæм минкъий нæййес.

Алагири райони Пенсион фонди хайади нин куд радзурдтонцæ, уотемæй 80 æма уомæй фулдæр æнзтæ кæбæл цæуй, уæхæнттæ сæмæ цæруй 168 адæймаги. Игъæлдзæгæй æма амондгунæй æрветæнтæ сæ бæнттæ, кадæртæ ма си фондзинсæй æма уомæй фулдæр æнзтæ ке бацæрдзæнæнцæ, уобæл дузæрдуг нæ кæнæн. Цæмæн, зæгъгæ, ку фæрсайтæ, уæд аци райони æрдзон уавæртæ лæгъуз нæ ʼнцæ берæ цæрунæн. Мизури райгурдæй æма 150 анзи фæццардæй Мæрзойти Ко (рамардæй 1922 анзи). Мадта Кæсæбити Æнду æма Госæзей кой дæр, фегъустайайтæ. Цъамади цæргæй, сæ цардиуаги фадуæттæ хуарз кæми адтайуонцæ, уæддæр еу æносæн ба сæттун нæ бакумдтонцæ. Хестæртæ ку дзурдтонцæ, уотемæй дууæ къаййи фæццардæнцæ фæйнæ 150 анзи, сæ уæлзæнхон цардæй ба рахецæн æнцæ къуæрей бонмæ. Рагон хабар нæй – Æнду æма Госæзей цæуæти цæуæт нур æнцæ хестæр кари.

Райони будуйрон гъæути дæр, берæ ка фæццардæй, уæхæнттæ минкъий нæййес. Зæгъæн, црайуаг Сопойти Мидзæ фæццардæй 125 анзи, е ʼмгъæуккæгтæ Гæздæнти Афæхъо – 114 анзи, Сохити Басил, Созæти Микъо æма Хъалæгати Аминæти цард дæр æносæй фулдæр адтæй.

### УÆДДÆР ЦИУАВÆР КАРÆ ИСХОНÆН ЕС ЗÆРОНД?..

Зундгонд уруссаг æфсæддон разамонæг Александр Суворов æнæмæлгæ бæгъатæрдзийнадæ æвдиста 70-анздзудæй, финсæг Лев Толстой велосипедбæл ахур кодта 60-анздзудæй, паддзах Иван Грозный рамардæй 53-анздзудæй, Бонапарт Наполеон ба 51-анздзудæй.

Уæрæсей æртасгутæ Л.А. Гаврилов, Н.С. Гаврилов, В.Н. Носов куд исбæлвурд кодтонцæ, уотемæй нæлгоймаги рæстæмбес царди рæстæг нæ бæсти æй 68 анзи, силгоймаги – 70 анзи. Еске фæрсдзæнæй: мадта XX æноси адæймаги цæрæнбон ку нæ фæффулдæр æй, уæд ма геронтологий æнтæстдзийнæдтæ цæй медæгæ ʼнцæ.

Æцæгæйдæр, науки æнтæстдзийнæдтæ нерæнгæ ма берæ нæ ʻнцæ. Геронтологи бал равдиста, уодæгас организмæн æрдзæ ци равардта, уомæй хуæрзминкъий фулдæр цæрæнбонæй уæлдай ин ке нæййес, уой. Фал ахургæндтæ рартастонцæ адæймаг, цæмæй зæронд кæнуй уони, æма æруагæс ни кæнуй, мадзæлттæ иссердзæнæнцæ æрдзи римæхст сосæгдзийнæдтæ раргом кæнунæн.

***Аци уац мухурмæ цæттæ кæнгæй пайдагонд æрцудæй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити æрмæгутæй.***

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№1070.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 27.05.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 27.05.2022.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ʼрветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

2022 АНЗ – УӔРӔСЕЙ АДӔМТИ КУЛЬТУРОН БУНДАЙРАДИ АНЗ

# Царди айдӕнӕ

Газет «ДИГОРИ» сӕрмагонд уӕлӕфтауӕн

№3, 28 май, 2022 анз. 0+

ХУАРЗДЗИЙНАДӔ



## «НӔ ЗӔРДИТӔ НИН БАРОХС КОДТАЙТӔ!..»

Кафт ӕма заруни фольклорон ансамбль Гъӕдгӕрони хъӕбӕр раги фӕззиндтӕй, Цӕгат Иристони адӕмон исфӕлдистадон коллективти фиццӕгти хӕццӕ. Ӕ архайӕг кадгин лӕгтӕ ӕма силгоймӕгтӕ сӕ аййевадӕ ӕвдистонцӕ айдагъ нӕ республики нӕ, фал нӕ агъазиау бӕсти берӕ рауӕнти, сауӕнгӕ фӕсарӕнти дӕр ма адтӕнцӕ.

Сӕ фарни гъуддӕгутӕ нӕ фесавдӕнцӕ, рӕсугъдӕй сӕ идарддӕр хӕссунцӕ сӕ фӕдонтӕ. Аци культурон артдзӕсти коллективтӕ анз еу хатт адӕми тӕрхонмӕ рахӕссунцӕ сӕ исфӕлдистадон ӕнтӕстдзийнӕдтӕ, дзуапдӕттӕн концертти хузи. Ӕрӕги бабӕй исаразтонцӕ уӕхӕн концерт, ӕма си гъӕубӕстӕ хъӕбӕр фӕббоз ӕнцӕ: «Арфиаг уи ан, ӕгайтима нин нӕ зӕрдитӕ уоййасӕбӕл барохс кодтайтӕ!..»

– Нӕ културӕ ӕма аййевадӕ нӕ гъӕздугдзийнадӕ 'нцӕ, зӕгъуй Басити Эльзӕ. – Ӕнӕ уонӕй еунӕг адӕмихатт дӕр нӕййес. Не 'нгом коллективи архайд, нӕ адӕмон исфӕлдистадӕбӕл ӕновуддзийнадӕ, нӕ гъӕубӕсти уарзон цӕстдард нин ӕнцӕ нӕ разӕнгардгӕнгутӕ.



КЪЕСАТИ Марати конд хуӕзӕ «Фидӕлтӕ ӕма цӕуӕт».



## «ХОРХӔТӔН» – АДӔМТӔН ФАРНӔХӔССӔГ

Сӕрди, 19 июни Цӕгат Иристони тӕккӕ рӕсугъддӕр рауӕнтӕй еуеми, Мидӕгрӕбинаг ӕхсӕрдзӕнти дӕлвӕзи ӕргом ӕрдзи рагъбӕл арӕзт ӕрцӕудзӕнӕй дессаги ӕрттевгӕ этникон бӕрӕгбон – аййевӕдти фиццаг Национ фестиваль «Хорхӕтӕн». Ӕ нисан ӕй – ӕрбайеу кӕнун аллихузон дзиллӕ, нӕ республики цӕргути ӕма иуазгути Иристони ӕма Цӕгат Кавкази адӕмихӕттити национ културити ӕцӕг хузти бундорбӕл нӕ алфамбулай дуйне хуӕздӕр ӕма зӕрдхӕлардӕр кӕнунбӕл архайуни фӕндӕй. Никки – ӕригон фӕлтӕрти национ аййевадӕбӕл ӕхцулӕй-ӕхцулдӕр кӕнун. Аци мадзал ма гъӕуама фӕййагъаз уа, нӕ бӕсти алли рауӕнтӕй ӕма фӕсарӕнтӕй нӕмӕ ци берӕ иуазгутӕ 'рбацӕуй, уони зонундзийнӕдтӕ нӕ республики ӕма адӕми цардиуаги туххӕй цӕмӕй бӕстондӕр ӕма бӕлвурддӕр уонцӕ, уомӕн дӕр.

Аци фестивали фӕрци ма фӕззиндзӕнӕй равгӕ еума арфиаг гъуддагӕн дӕр – еу концертон фӕзӕбӕл сӕ дӕсниадӕ еумӕ ӕвдесдзӕнӕнцӕ адӕмон исфӕлдистади курухон архайгутӕ дӕр ӕма райдайгӕ исфӕлдистадон фӕсевӕд дӕр.

Фестивали архайгутӕ исуодзӕнӕнцӕ хецӕн солисттӕ, фольклорон ансамбльтӕ, кафти ӕма вокалон коллективтӕ, хузӕгӕнгутӕ. Аци рӕсугъд ӕма медесгун мадзал гъӕуама фӕййагъаз уа алли адӕмихӕттити дзиллити ӕма сӕ фӕлтӕрти кӕрӕдзей лӕдӕрундзийнадӕн, нӕ цардарӕзтмӕ нин зӕрдрохсдзийнадӕ ӕма уодӕнцойнӕдзийнадӕ бахӕссунӕн.

Фестиваль аразӕг фонди сайт: http://фондтуризма.рф.

Нæ рагфидтæлти зæгъдтитæй:
*«Берæгътæ берæгæйттæ зайунцæ, уæддæр берæ нæ кæнунцæ; фустæ еугæйттæ зайунцæ, уæддæр ахедунцæ…»*





ХЪÆБÆЛОТИ Билар (рахесæрдигæй æртиккаг) республики исфæлдистадон дзилли хæццæ фембæлди рæстæг.

# ХУÆРЗАУОДÆГ НИН АДТÆЙ…



**ХУГАТИ Геор,**
(1922-2005)
Уæрæсей Федераций адæмон артист

*Зундгонд театралон режиссер, драматург, публицист, Константин Станиславскийи номбæл Паддзахадон премий лауреат, Уæрæсей Федераций адæмон артист Хугати Доментийи фурт Геори райгурдбæл январи исæнхæст æй сæдæ анзи (1922-2005). Æ пьеситæмæ гæсгæ спектаклтæ æвæрд цудæнцæ айдагъ Иристони театрти сценитæбæл нæ, фал нæ бæсти берæ рауæнти театрти дæр. Æ уадзимистæ мухургонд цудæнцæ аллихузон литературон журналти, хецæн киунугутæй рацудæнцæ Иристони æма нæ бæсти киунугæуадзæнти («Современник», «Советский писатель», «Ир» æма æндæртæ) ирон æма уруссаг æвзæгтæбæл. Цæмæдессаг уиуонцæ æ публицистон уацтæ дæр. Уонæй еуей мах дæр абони мухур кæнæн. Кæддæр ма адтæй нæ газети, фал ма уин æй уæ зæрдæбæл æрлæууун кæндзинан еума хатт. Уой дæр уомæ гæсгæ, цæмæй æримисæн, советон доги хецаудзийнадæ цæйбæрцæбæл хъæбæр ауодудта нæ национ культури еугур къабæзти райрæзтбæл, уой. Еци гъуддаги уæлдай агъазиау фескъуæлхтæй партий Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарь Хъæбæлоти Емæзай фурт Билар. Бæргæ хуарз уидæ, уой дæнцæнæн ку дариуонцæ нæ нури хецаудзийнади бараггентæ дæр, уæлдайдæр ба нур – куд зонæн, уотемæй аци анз Уæрæсей нæ бæсти Президент В. Путини унаффæй нимад æй æнæматериалон культурæ æма адæмон исфæлдистади Анзбæл. Е заманай равгæ ‘й нæ адæми удварни хæзнадонæмæ гъуддагонæй базелунæн…*

Устур Фидибæстон тугъди фæсте аййевади, литературæ æма науки туххæй фæззиндтæй партий Центрон Комитети цалдæр карз унаффи. Аййевади берæ уадзимистæ дæрæнгонд цудæнцæ, идейон æгъдауæй «зианхæссæг»-бæл сæ кедæр фудзундæй ке банимадтонцæ, уомæ гæсгæ… Нæ республики национ аййевади къабæзтæ дæр еци зæранхæссæг «ауодундзийнадæй» хъæбæр алхъивд цудæнцæ.

Нæбал нин бæзтæнцæ Абайти Васо, Мамсурати Дæбе, саугæнгæ ма Къостай уадзимистæмæ дæр æвналæнтæ кодтонцæ. Ирон театр дæр иронх нæ адтæй, еуæй-еу спектаклтæмæ «листæг» æркастæнцæ, уони хæццæ Дæбей «Æфхæрдты Хæсанæ» æма Туати Дауити «Пæсæйы фæндон» дæр…

Æригон режиссерæй косун ку райдæдтон, уæд мин баихæс кодтонцæ «Пæсæйы фæндон» нæуæгæй исæвæрун. Фембалдтæн автори хæццæ, ести социалон мотивтæ имæ бахæсæн, цæмæй пьеси медес еуминкъий фæннурикконддæр уа, – зæгъгæ…

### НÆ ФИЦЦАГ ФЕМБÆЛДÆЙ ФÆСТÆМÆ НИН БИЛАР НИФСДÆТТÆГ АДТÆЙ…

Еци дзамани обкоми идеологий фарстати фæдбæл фæззиндтæй нæуæг секретарь, æ муггаг – Хъæбæлотæй, æ ном Билар. Фæрсæн нæ кæрæдзей, гъома, ка ‘й æма ци ‘й, фал ин неке неци зонуй. Раст нæмæ цума уæларвæй æрхаудтæй, æ кой дæр ин неке фегъуста аййевадæ æма литератури косгутæй. Рацудæй рæстæг æма нæмæ еу бон æрдзурдтонцæ обкомæй, театри разамонгутæмæ, изæри æхсæз сахаттебæл нæ æ кабинетмæ хонуй нæуæг секретарь… Мах цалдæремæй цæун гъудæй, уой балæдæрдтан, фал цæй хæццæ цæуæн, гъома, нæхе циуавæр дзубандимæ бацæттæ кæнæн, уомæн неци зонæн…

Раст зæгъгæй, æдас нæ адтан, нæ репертуар нин ку рафауонцæ, уомæй. Уæлдайдæр ба нæ ку бафæрсонцæ «Пæсæйы фæндон» нæуæгæй цæмæн æвæретæ, зæгъгæ, уæд ци рæуонæ искæнæн. Мæн уавæр бустæги лæгъуз адтæй… Цубурдзурдæй, изæрæй æхсæз сахаттебæл адтан обкоми, еу хатт ма бафарстан, æ ном æма æ фиди ном куд æнцæ, зæгъгæ, æма нæ бахудтонцæ кабинетмæ… Фиццаг минуттæ цудæнцæ уæззау… Дзубанди æ уагæбæл нæ цудæй… Мæ хестæртæ загътонцæ театри репертуари туххæй. Ранимадтонцæ классикон пьеситæ, фал «Пæсæйы фæндон»-и туххæй неци загътонцæ… Уæд нæуæгæй хецау минкъий расагъæс кодта æма уотæ зæгъуй:

– Уотæ фегъустон, «Пæсæйы фæндон» дæр нæуæгæй æвæретæ, зæгъгæ.

Мах кæрæдземæ бакастан æма, гæнæн ку нæбал адтæй, уæд æз загътон:

– Æвзарæн. Афæстаг дзамани пьеси нихмæ дзоргутæ адтæй, фал автори хæццæ косæн æма спектаклмæ хæссæн нæуæг сценитæ, цæмæй си социалон æма фæллойни мотивтæ фæззинна…

Мæ дзурд кæронмæ нæма фæдтæн, уотæ мæ нæуæг хецау баурæдта æма мин уотæ зæгъуй:

– Бахатир кæнетæ, аййевади гъуддаги сумах мæнæй фулдæр зонетæ, фал æз Кæсæги кустон, Нальчикки, æма цалдæр хатти радиойæй игъустон аци пьеси скъуддзæгтæмæ. Мæнмæ гæсгæ си ес адæймаги зæрдтагон æнкъарæнтæ, сауæдони æртæхи хузæн кæдзос уарзондзийнадæ, берæ рæсугъд ирон зартæ. Икъати Серафин си фæндурæй цæгъдуй дессаги мелодитæ, Баллати Валодя заруй лирикон зартæ… Уæхæн уадзимиси æнæмæнгæ гъæуунцæ, мæнæ социалон ке хонетæ, еци мотивтæ. Æ жанр уин дæттуй уæхæн фадуæттæ. Æз уин ами унаффæгæнæг нæ дæн, фал цума уадзимистæн тухмиуæ нæ гъæуй, уотæ мæмæ кæсуй…

Уотæ адтæй, цубурæй, нæ фиццаг фембæлд Хъæбæлоти Билари хæццæ. Еци бонæй фæстæмæ нæ ‘уæнгти фæззиндтæй нифс, ирон пьеситæн æвæндонæй «тухмиуæ» нæбал кодтан.

Цудæнцæ бæнттæ. Нæ нæуæг хецау нæмæ цудæй ахидæй-ахиддæр. Агъаз нин кодта… Фал…

Уæдмæ ба уæхæн рæстæг ралæудтæй (Хрущеви рæстæг), æма колхозтæ, совхозтæ æма заводтæ еу кæнун байдæдтонцæ… Байдæдтонцæ, фал мах, театри косгутæ, уой æнгъæл нæ адтан, æма театртæ дæр еу кæнун байдайдзæнæнцæ… Уой дæр Ирон театр Уруссаг театри хæццæ… Æрæмбурд кодтонцæ дууæ театрей минæвæртти, æрбадтан хецауади рази æма нин радзурдтонцæ, Ирон æма Уруссаг театртæй гъæуама исаразæн еу тухгин уруссаг-ирон театр, еу разамунди хæццæ, еу æхцай фæрæзнити хæццæ.

Бæрæг адтæй, сæ унаффæ цæттæ ‘й, фал цæстфæлевæнæн ба ма нин уотæ ку бакой кæниуонцæ, гъома, сумах дæр уæ гъудитæ зæгъетæ, зæгъгæ. Æма ци зæгъæн, зонæн æй, кæд фæрсгæ мах кæнунцæ, уæддæр, сæхе ци фæндуй, уой бакæндзæнæнцæ. Ирон театрæй Тæбæхсаути Бало бахъур-хъур кодта:

– Бавзарæн, фал куд уодзæнæй, магъа!..

Бритъиати Зариффæ æ фæндæ фæккарздæр кодта, загъта, мæ зунд æй нæ ахæссуй, куд уодзæнæй, е, зæгъгæ.

### «ÆХЦА» РАКОРÆ ÆМА ТЕАТР ФЕСТИВАЛЬМÆ РАРВЕТÆ!..»

Æз еци дзамани директорæй дæр кустон æма режиссерæй дæр. Бадун. Неци дзорун. Кæсун æма хецауади хæццæ Хъæбæлой-фурт нæй, мæ зæрдæ куддæр фæкъкъæпп кодта. Не ’мбурд кæронмæ æрхъæрттæй, фал ма æрæгиау мæн дæр исистун кодтонцæ, дæ фæндæ, дан, ду дæр зæгъæ. Гæнæн нæбал адтæй æма загътон, аци унаффæ рæдуд æй, дууæ театри дууæ æвзагебæл дзорунцæ, дууæ театрей исфæлдистадон нæдтæ еу нæ ’нцæ, зæгъгæ, æма мæ уайтæкки бауорæдтонцæ, исбадæ, зæгъгæ.

Æз не ’сбадтæн, мæ гъуди никки фæфбæлвурддæр кодтон, уæдта исбадтæн. Хецауади зæрдæмæ театри минæвæртти зæрдирахаст нæ фæццудæй…

Уæдмæ рабæрæг æй, аци гъуддагæн Билар ке неци зудта, фæрсгæ дæр æй нæ бакодтонцæ. Нæ хуæрзгæнæг ин сæ ку радзурдта, уæд Хъæбæлой-фурт, нæ аййевадæн «тухмиуæ» ка кодта, уонæн уæхæн миутæ бакодта, уæхæн… Хъæбæр карз дзубанди рауадæй хецауади ’хсæн, æма нæ Билар исфæлдистадон фидбилизæй фæйервæзун кодта.

Еци бонæй фæстæмæ Хъæбæлоти Билар иссæй нæ сæрбæлдзорæг, бауæндтан ибæл æма нæ алли цийнæ æма маст дæр уомæн дзурдтан… Уæдта, æвæдзи, нæ сагъæстæ дæр Хуцаумæ бахъæрттæнцæ. Хуцау нин фæттæрегъæд кодта æма Хъæбæлоти Емæзай фурт Билари исæвардтонцæ обкоми фиццаг секретарæй… Исæвардтонцæ ’й æма нæ республики театри цард бонæй-бонмæ хуæздæр кæнун байдæдта. Æма айдагъ театри цард нæ фæххуæздæр æй. Бавналдтонцæ нæуæг скъолатæ аразунмæ, сахарти, уæдта гъæути дæр фæззиндтæй нæуæг кустуæттæ… Нæдтæ… Фидæйфуртмæ кæмæ бæлдтан, еци над Нарæй-Рукъмæ, Дзæуæгигъæуæй-Цхинвалмæ… Иннæ уæхæн æэропорт… Фæззиндтæй фатертæ аййевади косгутæн дæттуни равгæ. Ка сæ фæуоудзæнæй нимад еци æгæрон берæ хуарз нæуæгдзийнæдтæ!..

Фал æз Ирон театри кустон, æма ’й æргом зæгъæн, Ирон театри агъазиау æнтæститæ дæс æма инсæй анзей дæргъы баст ке адтæнцæ Билари номи хæццæ. Æз уотæ нæ зæгъун, æма сæ еунæгæй кодта, адтæй ин хуарз командæ – культури карнæ ке бæрнæхсти адтæй, етæ: Битети Степан, Габпати Иван, Кучити Агубе, Узегати Солтан æма берæ æндæртæ.

Лæдæрд æй: етæ æнхæст кодтонцæ Билари фæдзæхст. Кæрæдзей лæдæрдтæнцæ, æма нæ куст цудæй размæ. Айдагъ Мæскуй еци æнзти Ирон театр е ’сфæлдистадæ æвдиста æхсæз хатти, Ленингради – дууæ хатти, Тбилисий, Душанбей… Иннæ уæхæн аллихузон конкурстæ æма фестивальтæ Костромай, Куйбышеви, Новороссийски.

Ирон театри ном бæсти театралон аййевади бонæй-бонмæ кадгиндæр кодта… Æхцай фæрæзнитæй зиндзийнæдтæ уæддæр адтæй, фал уæд Билар бадзоридæ нæ заводти зингæ директортæмæ æма син карзæй зæгъидæ:

– Театрæн æнæ рандæуæн нæйиес



Космонавт Валерий БЫКОВСКИЙ æма ХЪÆБÆЛОТИ Билар нæ республики финсгутæ æма аййевади архайгути хæццæ цитгин мадзали рæстæг.



ТÆБÆХСАУТИ Бало æма ХЪÆБÆЛОТИ Билар – зæрдтагон æрдхуæрдтæ.

гастрольти… Ирон театрæн фæййагъаз кæнун гъæуй.

Гъема нин фæййагъаз кæниуонцæ.

Еууæхæни ба Новороссийски адтæй Устур Фидибæстон тугъди темæбæл арæзт спектакльти фестиваль. Къамис фæууидта мах спектакль «Мады фарн», æма нин Мæскуйæй фегъосун кодтонцæ, Новороссийскмæ уæ хонæн, зæгъгæ. Æркастан нæ уавæртæмæ, æма нæмæ æхца фагæ нæ разиндтæй. Хецауадæмæ исгудан, фал еци дзамани, æцæгæйдæр, республики æхцай уавæр хуарз нæ адтæй æма нин хецауади загътонцæ:

– Гъæйдæ, аци хатт ку нæ рандæуайтæ, уæд уи нæ рагъаст кæндзинан…

Хъæбæлой-фурт адтæй фæсарæнти, æма нæ гъаст кæмæн ракодтайанæ? Нидздзурдтан Мæскумæ, æхцайæй тухст ан æма нæ цæуæн, зæгъгæ.

Уæдмæ Билар фæззиндтæй… Мах имæ нæ нифс нæ бахастан, фал имæ æндæр фарстати фæдбæл æмбурд адтæй æма ку фæцæй, уæд нæ рафарста, театри ци хабæрттæ ес, зæгъгæ. Æз ин гъуддаг балæдæрун кодтон, æхца нæййес æма фестивальмæ нæ цæуæн, зæгъгæ. Билар е 'рфгутæ фелхий кодта æма мæмæ мæстгунæй дзоруй:

– Е ба куд нæ цæуæн? Æгæр берæ барæ нæ есис дæхемæ?

Уæдта телефонæй бадзурдта Министрти Совети Сæрдар Басити Олегмæ, кæд гæнæн ес, уæд ардæмæ рауайай, зæгъгæ. Дзурди бæрцæмæ Сæрдар фæззиндтæй æма 'й Билар фæрсуй: «Ирон театри гъуддæгутæ куд цæунцæ?»

Басий-фурт мæнмæ æрбакастæй æма уотæ зæгъуй: «Мæнæ си Геуæргий бафæрсæ, е театри гъуддæгутæ мæнæй хуæздæр зонуй».

– Уой бафарстон. Театр Новороссийскмæ цæмæннæ цæуй?

– Билар, ду 'й зонис, æхца нæййес…

– Нæййес дæмæ æхца, уæд де 'фсийнæй, кенæ ба дæ синхонæй ракорæ æма театр фестивальмæ рарветæ…

Дуккаг бон æхца райстан, фестивальмæ исцæугæ ан. Нæ равдист спектакль нимад æрцудæй тугъди темæбæл хуæздæртæй еуебæл.

## «КУД ГЪУДÆЙ УОТÆ МИН ÆЙ НÆ ЗАГЪТАЙ!..»

Мæскуй цал хатти адтан театри хæццæ, уал хатти Хъæбæлой-фурт кенæ æхуæдæг фæззиннидæ, кенæ хецауадæй еске адтæй нæ хæццæ… Спектакль ма ку цæуидæ, уæд хецауади бæрзонд косгутæй æ хæццæ еске æрбахонидæ…

Гъуди ма 'й кæнун, дууæ хатти Плити Исси хæццæ дæр адтæнцæ. Еууæхæни ба Мæскуй «Малый театр»-и æртæ къуæрей кустан, æма зали адæмæй къохбагæнæн нæ уидæ. Еу изæр нæмæ фæззиндтæй Билар Уæрæсей Федераций Министрти Совети Сæрдар, Политбюрой иуонг Геннадий Воронови хæццæ. Бадтæнцæ разæй, уæдта, куд фæууй фæсспектакль, уотæ бабадти дæр нæ хæццæ еуминкъий фæцæнцæ. Воронов нин нæ аййевадæ хъæбæр растудта. Адтæй си цалдæр ракувди, уæдта Билар Воронови рази райдæдта Иристони фарстатæ æвæрун. Воронов – еу хатт гиризмæ раздахта, фал юмор, ке зæгъун æй гъæуй, махонмæ фулдæр адтæй.

Æз бадтæн сабур, лæггадæ син кодтон финги уæлгъос æма мæ Билар устур деси бафтудта бæрзонд хецауи хæццæ æ дæсни дзубандийæй. Ци ахсгиаг фарстатæбæл дзурдтонцæ, етæ айдагъ Иристонмæ нæ хаудтæнцæ, фал æнæгъæнæ бæстæмæ дæр, æма сæ Билар куд бæлвурд дзурдта, уомæн Воронов бæлвурд дзуапп раттун нæ бафæразта. Хатгай истгæ дæр искæниуонцæ. Воронов адтæй дууæ метрей бæрзæндæн. Билар ба – ниллæг. Фал ку исистадæнцæ, уæд мæмæ уотæ фæккастæй, цума Билар хецауæй берæ бæрзонддæр фæцæй… Еци изæр уæлдай сæрустур адтæн, нæ Иристони сæргъи уæхæн курухон, арфиаг лæг ке лæууй, уомæй…

Билар ахид цудæй Ирон театри спектакльтæмæ. Уæдта иннæ театртæмæ, ансамбльмæ, филармоний концерттæмæ. Нæ аййевади æ зæрдæмæ ци цудæй, уой бозæй зæгъидæ. Еуæй-еу хатт спектакли фæсте байзайидæ актерти, режиссерти хæццæ æма син райарфæ кæнидæ. Феппайуйнæгтæ дæр имæ куд нæ уидæ, фал сæ уотæ дзоридæ, цæмæй сæ еске æфхуæрди хузи ма балæдæра. Ахид æ медбилти баходидæ æма зæгъидæ:

– Уотæ мæмæ кæсуй, цума…

Гъема еци «цумай» адтæй хъæбæр ахсгиаг феппайуйнæгтæ. Театри косгутæй алке дæр зудта. Зудта, ка ни куд цæруй, циуавæр фатери, цæйбæрцæ æй æ мизд…

Фатерти фарста уæддæр хиццаг нæ адтæй, фал гæнæн ку уидæ, уæд театрти косгутæ райсиуонцæ фатертæ. Еу дзамани Ирон театр райста цалдæр фатери, фал нин не 'сфагæ 'нцæ. Еци дзамани Уртати Верæ æ тæккæ исфæлдистади тæмæни адтæй, цæргæ ба кодта зæронд кæлæдздзаг хæдзари æ сæйгæ мади хæццæ. Æз мæхе бахаттон Билармæ, Верæн ести хузи фатер раттун гъæуй, зæгъгæ. Фал мæ кæронмæ дзорун нæ бауагъта: фагæ бал уин æнцæ.

Мæйæ дæр нæ рацудæй, уотæ мæмæ фæдздзурдта æма мæ фæрсуй:

– Дæ актрисæ Уртати Верæ циуавæр фатери цæруй?

– Зæронд æрдæгихæлд хæдзари цæруй.

Айразмæ дæр дин æй ку загътон…

– Куд гъудæй, уотæ мин æй нæ загътай! Машини фæццæун, кæсун æма нæ актрисити хуæздæртæй еу рацудæй цидæр зæронд хæдзарæй. Æндегæй бакæсгæй, бæрæг нæй, цæрæн хæдзарæ 'й, æви кæркдонæ… Е ци æй? Ду ба дæхе нигъгъос кодтай.

Мæн фæффудгин кодта, фал мин уæддæр æхцæуæн адтæй. Цалдæр боней фæсте Верæ райста нæуæг фатер. Аци дæнцæн уомæн æрхастон, æма нин нæ царди уавæртæмæ æ гъос хъæбæр дардта.

Ирон адæми номдзуд артист Тæбæхсаути Бало ку рамардæй, уæд театрмæ нæ, фал æ размæ фæзæмæ дæр адæмæй бацæуæн нæ адтæй. Ири дзиллæ фæстаг лæггадæ кодтонцæ сæ уарзон актерæн. Уæдта айдагъ ирæнттæ æма сахар, нæ республики иннæ адæмихæттити минæвæрттæ нæ, фал делегацитæ æрбацудæнцæ синхон республикитæй – Цæцæнæй, Кæсæгæй, Дагестанæй… Мæнмæ гæсгæ, Къоста æма Исси фæсте уæхæн цити хæццæ некема байвардтонцæ. Балой кирæ Ирон театрæй сауæнгæ Иригъæумæ фæсевæд фæххастонцæ сæ къохтæбæл.

Уотæ мæмæ кастæй, цума, Иристони деденæгæй ци адтæй, уони еугурæйдæр ардæмæ æрбахастонцæ. Балой мæрдон над Ирон театрæй, Сабурдзийнади проспектбæл сауæнгæ Ирон аргъауæнмæ адтæй деденгутæй итуд. Билар дæр цудæй нæ хæццæ, хецауадæ æма иннæ иуонгти иуазгути хæццæ. Зиан ку бафснайдтонцæ, уæд синхон иуазгути нæхе фæсевæди къуари хæццæ Билар фæххудта сахари сæрмæ хецауадон резиденцимæ, цæмæй рохсаг загътайуонцæ Балойæн…

Билар берæ уарзта Балой. Æ алли исфæлдистадон кустæн дæр ин кодта устур аргъ. Фæстаг æнзти Балойæн е 'нæнездзийнадæ ку фæллæгъуздæр æй, уæд æй Иристонæй Мæскумæ ци нæ дохтиртæн фæууинун кодта, уæхæн нæ байзадæй. Сæйгæфæрсæг имæ æ хæдзарæмæ дæр цудæй. Гъуди ма кæнун, фæстаг хатт Ленинградмæ ку цудан Иристони культури бонтæмæ, уæд си гъæуама «Отелло» дæр равдистайанæ.

Балойæн æй ку загътан, уæд æрмæтъæл æй æма бахъур-хъур кодта:

– Мæнæй ма цæй Отелло ес, мæнæ мæ къæхтæбæл туххæй ку цæун.

Æз еци хабар ракодтон Биларæн. Е дзæвгарæ расагъæс кодта, уæдта уотæ зæгъуй:

– Æнæ «Отелло» нæ равдист нæ фæррæстмæ уодзæнæй. Æз дохтиртæй ракордзæнæн, кæд æй минкъий фæрръæвдзæдæр кæниуонцæ...

Æма уотæ рауадæй. Бало дохтирти фæрци фæссæрæндæр æй æма Ленингради рагъазта Отеллой роли. Куд æй рагъазта, уобæл сæрмагонд статья финсун гъæуй – Ленингради æнæгъæнæ къуæре æндæр нецæй кой кодтонцæ. Театралон критиктæ æмхузонæй загътонцæ, газетти дæр æй финстонцæ, Бало аци роль айдагъ нæ бæсти нæ, фал дуйней театрти дæр тæккæ хуæздæр ка рагъазта, уонæй еу ке æй.

Ке зæгъун æй гъæуй, Билар си адтæй сæрустур. Раст цума æхе сæрмагонд æнтæстдзийнадæ адтæй, уотæ æхцæуæн ин адтæй…

## ХЪÆБÆЛОТИ БИЛАР – НÆ ЗУНДГИНДÆР ÆМА КУРУХОНДÆР ЛÆГТÆЙ ЕУ!..

Балойæн æ номерæн мадзали дзоргæй, Билар ци дессаги рæсугъд гъудитæ загъта, етæ, гъулæггагæн финст некæд некæми æрцудæнцæ. Æ дзубанди адтæй цубур, фал æцæгæйдæр номдзуд артисти аккаг. Уæдта æ дзубандий айдагъ нæхе артисти кой нæ кодта, нæ иуазгутæ ци республикитæй адтæнцæ, уони туххæй дæр загъта берæ зæрдæмæдзæугæ зæгъуйнæгтæ, уæлдайдæр ба Кæсæгæй. Кæсгæнтти хæццæ дзурдта сæхе æвзагбæл. Е син хъæбæр æхцæуæн адтæй. Сæхуæдтæ нин куд загътонцæ, уотемæй Билар кæсгон æвзаг зудта хъæбæр хуарз.

Еци фингæбæл махмæ нæ еугуремæ дæр уотæ кастæй, цума нæ хестæр обкоми секретарь нæй, фал аййевади устур дæсни адæймаг. Фæббадтан, æвæдзи, дууæ сахаттей бæрцæ, фал, рæстæг куд райевгъудæй, уой лæдæргæ дæр неке бакодта. Иуазгутæ дæр, мах нæхуæдтæ дæр дестæгæнгæй Билармæ игъустан.

Фæстагмæ нин бакастæй скъуддзæгтæ Гетей «Фауст»-æй. Кастæй уруссагау, сабур, арф æнкъарæнти хæццæ. Автори гъудий акценттæ уотæ бæлвурд æвардта, æма нæмæ, мæнмæ гæсгæ, автор иннæ дуйнейæй ку игъустайдæ, уæддæр имæ неци фау æрхастайдæ. Фингæй ку исистадан æма тургъæмæ ку рахизтан, уæд мæмæ нæ иуазгутæй алкедæр æрбацæуидæ æма мин зæгъидæ: ци хъал айтæ, аййевади косгутæ, уæхæн разамонæг кæмæн ес. Ке зæгъун æй гъæуй, мах дæр си сæрустур куд нæ адтайанæ…

Билари туххæй берæ дзорæн ес. Дæс æма инсæй анзи фæккуста республики разамонæгæй. Берæ ин бантæстæй. Уал анземæ ин фæззиндтæй берæ лимæнтæ, æ кустæн ин æцæг аргъ ка кодта, уæхæнттæ. Уæдта айдагъ Иристони нæ, фал æнæгъæнæ Цæдеси дæр. Уой рæстæги куд дзæбæх цардан иннæ адæмти хæццæ! Адтæй ин знæгтæ дæр, æ нихмæ ка тох кодта, уæхæнттæ, фал уони нимæдзæ адтæй минкъий. Уотæ ку зæгъæн, æма, Билар æ кусти даргъ надбæл æнæ рæдуд адтæй, уæд е раст нæ уодзæнæй. Царди уотæ нæ фæууй. Еухатт ин рагъаст кодтон, зæгъун мæ Ирон театри разамонæгæй ку исæвардтай, уæд мин берæ знæгтæ фæззиндтæй. Е бахудтæй æма мин уотæ зæгъуй:

– Разамонæги гъуддаг фидæй-фуртмæ уотæ адтæй æма уотæ уодзæнæй. Æнæ знаг разамонæг цæй разамонæг æй!

Мæ зæрдæбæл бадардтон еци дзурдтæ.

Иристони лæгтæй адæмæн фулдæр ка балæггадæ кодта, уонæй еу адтæй Хъæбæлоти Билар, нæ зундгиндæр æма курухондæр лæгтæй еу…

***1997 анз***

# ÆВÆНДОНÆЙ НЕКÆЦИ ГЪУДДАГ РÆСТМÆ КÆНУЙ!..



***Номдзуд ахургонд, филологон наукити доктор, профессор ЦАГЪАТИ Анастасия Дзаболай кизгæ (1919-2009)устур æвæрæн бахаста нæ адæмон исфæлдистадæ æмбурд æма парахат кæнуни гъуддагмæ. Нæ адæми царди хабæрттæй дæр – æцæг цаутæй, таурæхътæй, аргъæуттæй æма æндæр фольклорон æрмæгæй – ци æрæмбурд кодта, уонæй кæцидæрти амæй размæ дæр мухур кодтан нæ газети. Абони ба уæ зонгæ кæнæн, кæддæр Терки галеуварс гъæути æма Мæздæги райони ци æрмæг æрæмбурд кодта, уонæй цалдæрей хæццæ.***

## КА СИ АДТÆЙ ЕЗДОНДÆР?

Кизгæ æма биццеу кæрæдзей хъæбæр берæ уарзтонцæ. Биццеу кизгæбæл дзурдта æма ин æй е 'нсувæртæ нæ лæвардтонцæ. Биццеу æй базудта, сæ хуæри ин ке нæ лæвардтонцæ, уой.

Кизгæ кæцæйдæр æрбацудæй, биццеу ба гъæуæй фæцæйцудæй æма дууæ тагебæл исæмбалдæнцæ. Неке ес дуйнебæл сæ дууемæй уæлдай. Æма имæ лæхъуæн дзорий, æз, дан, уой базудтон, де 'нсувæртæ дæ ке нæ дæттунцæ мæнæн. Фал дæ нæ рауадздзæнæн, цалинмæ мæ ци фæндуй, уони дин бакæнон, уæдмæ.

Нур кизгæ райдæдта дзорун: мæнæ зæнхæбæл лæууæн æма дин еци зæнхæй ард хуæрун, зæнхон адæймаги бауæри игъæстæ нæ фæууодзæнæн дæ разæй, æма мæ мæ надбæл рауадзæ. Биццеу раздахтæй æма рандæ 'й сæхемæ. Кизгæ дæр рандæ 'й. Сæхемæ ку ниццудæй кизгæ, уæд ибæл кæцæйдæр фæцæй дзорæг æма 'й равардтонцæ уомæн.

Æхсæвæ сæхе барæ ку бацæнцæ, уæд лæхъуæн дзорий: адæмæй мæ ци барæ адтæй, е мæ къохи бафтудæй æма мæ рази дæхе æруадзæ. Кизгæ имæ дзорий, æз не 'рхусдзæнæн дæ фарсмæ.

– Цæмæннæ?

– Æз цæун еци лæхъуæнмæ, æма мин æхсæвæбонмæ ци 'й фæндуй, уой кæнуй. Æз уомæн уобæл ард бахуардтон.

Лæхъуæн хуссæнбæл æрбадтæй æма сагъæсти бафтудæй, уæдта имæ дзорий, гъома, цо.

Таги ци лæхъуæни хæццæ исеу æй, кизгæ уомæ рандæ 'й æма ин æ къæразгæ бахуаста. Е цирагъ иссугъта, дуар байгон кодта æма имæ бацудæй кизгæ.

– Ци агорис ами? – фæрсуй æй лæхъуæн.

– Æз æма ду таги рази цæбæл бадзубанди кодтан, уой æнхæст кæнунмæ иссудтæн. Нур мæнæн лæг ес, фал мæ дзурд нæ сайун.

– Еунæг Хуцау дæхецæй боз, æгайтима дæмæ мæ къох нæ бахъæрдтæй, мæ къабазæ мæ лух кæнун багъудайдæ.

Лæхъуæн æ кири дуар райгон кодта. Сугъзæрийнæ къохдарæн си исиста. Кизги къохбæл æй бакодта æма загъта:

– Абонæй фæстæмæ ду дæ мæнæн мæ мадæй райгургæ хуæрæ. Æхуæдæг уæрдун исефтигъта æма кизги нилласта, ке адтæй, уомæн.

Еци æртемæй ездондæр ке рахонæн?



## ÆРТÆ ЦАУÆЙНОНИ

Кæрæдзей агурдтонцæ æртæ зундгонд цауæйнони. Лæгий-фурт, Гъуцъунати Габиц æма кæсгон цауæйнон. Еуæхæни Сау гъæди кæрæдзебæл исæмбалдæнцæ. Базудтонцæ кæрæдзей. Еу къуæре еумæ фæцæнцæ. Уæдта кæрæдзей фарстонцæ, цауæйнонтæ ан, æма ни фæндарастдæр ка фæцæй, е зæгъæд. Фиццаг барæ равардтонцæ кæсгонæн. Е загъта:

– Геуæргобæй мет рауардта æма сæлаурдзауæн ракæнон зæгъгæ, рандæ дæн. Еу устур пъура бæласæмæ исхъæрттæн æма дин дуйне сæлаури фæдтæ. Кæсун æма дин си еу сурх дæллагхъур сæлаур æ сæр радардта. Фехстон æй. Дуккаг фат райефтигътон, æма бабæй дин уæлæ кæсуй сæлаур уордигæй. Фехстон бабæй æй. Цалинмæ бабæй фат ефтигътон, уæдмæ бабæй дин уæлæ сæлаур кæсуй. Уотемæй еу æма инсæй æхсти фæккодтон. Уæдта мæмæ топпихуасæ нæбал адтæй. Уæд фæрæт фелвастон. Даргъ гъæдæ ибæл расагътон. Пъура калунбæл исхуæстæн. Хор ма минкъий адтæй, уотемæй æй калд фæдтæн æма си еу æма инсæй сæлаури марди райстон. Еу дæр си нæ фæдздзæгъæл æй ме 'хститæй, уæхæн фæндараст фæдтæн еци бон.

Уæд райдæдта Габиц дзорун:

– Фæззæги еу дагъæмæ дæс æма æртинсæй дзæбодури батардтон цæутæ. Еу рауæнæй идардæр сæмæ бацæуæн некæцæй адтæй. Æз уобæлти бацудтæн. Фондз æма инсæй дзæбодури си ку æргæлстон, уæд сæ рауагътон. Мæхуæдæг гъæумæ æрцудтæн. Адæмæн фегъосун кодтон æма еци сирди мæрдтæ æрхастан. Гъе уæдæй фæндарастдæр некæд фæдтæн.

Уæд Лæгий-фурт загъта:

– Æз дæр Геуæргобæй, Мизурæй Сухони къахирмæ рацудтæн сагтæ марунмæ. Хор куддæр искастæй, уомæй сехуари уæнгæ финддæс саги рамардтон. Сæ хурфидзаумæуттæ син ракалдтон. Хор ма минкъий кастæй, уотæ Сухонæй Байрагон æрдозæмæ 'рхизтæн. Æрдози астæу бæхти æргъау. Ци уа зæгъгæ дес кодтон, ци уа аци бæхти æргъау? Æрбадтæн уолæфунмæ, уотæ дин финддæс бæхи кафгæ рацæунцæ. Уонæн сæ сæргъти къудуртæ сæ уæле. Æхтæнгтæ фиди нæрдæй нæбал зиннунцæ. Æз син мæ дзæкъолæй цæнхæ иссистон. Никкодтон æй æма ибæл бæхтæ æрбамбурд æнцæ. Æз субулдзæ бæхъæ истухтон æма уомæй бæхтæ кæрæдзебæл исбастон. Исæвардтон мæ сирди мæрдтæ бæхтæбæл. Устур Мизурмæ мæ исластонцæ, æма сæ уоми адæмæн байурстон. Гъе уæдæй фæндарастдæр æз некæд фæдтæн. Уæд дигорон æма кæсгон цауæйнонтæ загътонцæ Лæгий-фуртæн: – Рамулдтай нæ ду, Лæгий-фурт.

*Черчести Болай фурт Батрази дзубандитæй финст 1965 анзи 10 июни, Цраути.*



## ГÆЛÆБАТИ АМИНÆТ

***(Æцæг хабар)***

1904 анзи махбæл æрцудæй уæхæн хабар, Гæлæбати Тæтæрхъан æма Нинæ цардæнцæ хонхи Дзиуаригъæуи. Мæ хуæрæ Аминæт ку райрæстæй, уæд ибæл Дулати Мисирбийи фурт Хъаур дзурдта, Лæцигъæуккаг. Кизгæн æхе нæ фæндадтæй. Æз ба, е 'нсувæр, уæд минкъий биццеу адтæн. Еу бон фийиау адтæн. Ку 'рцудтæн, уæд арти фарсмæ бабадтæн. Кæсун, æма нæ хæдзари дуйней лæгтæ. Нæ мади фæрсун:

– Атæ ци 'нцæ?..

Æма мин уотæ зæгъуй:

– Дæ тæккæ билтæн дин еу хæфт фæккæндзæнæн, е ба дин ци 'нцæ!

Уæд нигъгъос дæн. Аминæт ба Цгъойти Тæпсихъой кизгæ Фаткай хæццæ 'рбацудæй æма уотæ зæгъуй:

– Бахатир кæнетæ, хуарз адæм, ме 'рбацуд раст нæй, фал мæнæ уе 'хсæн мæ фиди ку бафæрсинæ, е мæ фæндуй...

Æма райдæдта дзорун:

– Тæтæрхъан, атæ дин ка 'нцæ?

– Дæу дæттун, дæу, æма етæ 'нцæ.

– Цæмæн мæ дæттис, цæмæй ми бафæлладтæ, уой мин зæгъæ.

– Хуарз хæдзарæ 'нцæ, гъæздуг хæдзарæ 'нцæ, берæ зæнхитæ сæмæ ес, æма дæ гъе уомæн дæттун. Бæззунцæ нин хæстæгæн.

– Ду мæ кæмæн дæттис, ду, е мæн мæ царди медæгæ некæми гъæуй. Фал мадæ æма фидæ кæми айтæ, уомæ гæсгæ уæ дзурдæн аргъ искæнæн ес. Уæ еунæг биццеуи ку дæттайтæ, уæддæр гъæуама уæ коммæ кæса. Фал дин дæ иуазгути рази федарæй зæгъун: æз дæ къохи ку нæбал уон, уæд ду мæнæн хецау ке нæбал дæ, уой. Уой дин федарæй зæгъун.

Нур федаугутæй еуетæ зæгъунцæ, айæ кæнгæ гъуддаг нæй, айæ хайир гъуддаг нæ уодзæнæй. Фал си уæхæнттæ фæффулдæр æй, уотæ ка дзурдта, зæгъгæ, дан, силгоймаг уæхæн дзубандитæ берæ фæккæнуй.

Е адтæй фæззæги, раст Геуæргобæй. Кизги æвæндонæй равардтонцæ, тухлæвæрд. Нæуæргонтæ ку ралæудтæнцæ, уæд рацудæнцæ скъæфунмæ сæ курд кизгæмæ. Кизгæ куд æвæндонæй лæвæрд адтæй, уомæ гæсгæ сæмæ Цопанатæй Тугъан уæхæн мæнгæттæ хабар бахаста: Дулатæ, будури Хъахъхъæдорæй Гæлæбати биццеутæ 'рбацудæнцæ æма уин уæ курд кизги хонунцæ. Нур етæ ба Хонхи Хъахъхъæдормæ уосгор æрбацудæнцæ æма уордæмæ рандæ 'нцæ.

Дулатæ рацудæнцæ Лæцæй фараст бæхгинемæй æма Дзобелати Мæхæмæти æдзæрæг хæдзари æрфусун кодтонцæ. Сæ бæхтæ бабастонцæ. Мæхæмæт ба уæд Дзиуаригъæумæ ралигъдæй будурмæ.

Аминæтæн æ къохбæлхуæцæг Дулати Микъо æууæнкæй иссудæй, мæнæ нæ хуæри фæууинунмæ рацудæнцæ, зæгъгæ. Исбоц сæ кодтонцæ нæ бийнонтæ. Хуæруйнаг син æрæвардтонцæ. Фæббадтæнцæ.

Мадæ æма фидæ нихxустæнцæ. Етæ сæбæл дуæрттæ исæхгæдтонцæ. Синхæгтæбæл дæр ма исæхгæдтонцæ дуæрттæ. Æма сæ курд кизги тухæй рахастонцæ. Кизгæ ку исгъæр кодта, уæд сæ куй æрæййафта æма сæ ниппурхæ кодта. Кизгæ райервазтæй. Синх рафæдес æнцæ, æма кизгæ Цопанати Елбиздихъой къохмæ бахаудтæй. Æма е Аминæти багъæуай кæнуни бæсти загъта:

– Мæнæ 'й, Дулатæ, кизгæ æма 'й хонетæ!

Фæлластонцæ кизги тухæй.

Еци хабар ку райгъустæй, уæд не 'рвадтæлти биццеутæ æрцудæнцæ Хъахъхъæдорæй, уосгор кæми адтæнцæ, уордигæй, æма æнæгъæнæ комбæстæ исæзмалдæй.

Адæм се 'хсæн бацудæнцæ æма сæ басабур кодтонцæ. Мæгури фарс ма ка фæууй! Адæм сæ басабур кодтонцæ. Бафедудтонцæ Дулати хæццæ. Дулатæй ирæд райстонцæ хумтæ, галтæ æма гъоцитæ, уæдта бæх. Е адтæй Нæуæргонти. Нæуæргонтæй сæмæ Уацеллатæмæ фæццардæй. Уацеллати æз мæ фиди хæццæ адтæн кувддони æма изæрæй ку 'раздахтан, уæд нæ дуармæ бæх баст. Мæ фидæ мæ фæрсуй:

– Биццеу, е цæй бæх æй?

Æма ин зæгъун:

– Ци ин зонун æз дæр ардигæй уордæмæ?

Ку 'рхъæрттан, уæд бæхи хецау рацудæй æма зæгъуй:

– Тæтæрхъан, ма фæттæрсæ, фал Аминæт æхебæл топп ниццавта. Æма дæу агоруй.

Зæронд лæгæн æ хурдзинтæ æ къохæй æрхаудтæнцæ.

Уоми зæронд лæгтæ рамбурд æнцæ: Цопанати Гио, Чъерджиати Гио, Цопанати Бæппу, Чъерджиати Балито æма цæунбæл фæцæнцæ. Цæунбæл ку фæцæнцæ, уæд æз дæр нæбал ниллæудтæн, рандæ дæн сæ хæццæ.

Æгасæй ма 'й баййафтан, æма мæн бакодтонцæ æ размæ. Бацудтæн имæ æз æма мæгур мæн æ хъури никкодта æма дзорий: – Гæгка кæми 'й? (Мах нæ фиди уотæ худтан.)

Æма имæ дзорун:

– Далæ дуармæ 'й.

Уæдта имæ бацудæй нæ фидæ. Бацудæй имæ, æма Аминæт бахудтæй æма уотæ зæгъуй:

– Куд æй, Гæгка, æз мæ загъдæн хецау дæн æви нæ? Ме 'схæссæг фидæ, мæ адзал нæ угæй, дæ зундæй мæрдтæмæ цæун. Æлгъетгæ дæ нæ кæнун, фал мæ тæрегъæдæй цард иссерæ!

Убæл рацох æй. Ирæди ин ци хумæ райстонцæ, уоми мæнæуæ конд адтæй. Уой никкарстонцæ æма 'й уоми байвардтонцæ. Лæг дæр æ фæсте къуæре дæр нæбал фæццардæй, Дулати лæг. Рамардæй...

*Гæлæбати Тæтæрхъани фурт Гасайи дзубандитæй финст Майрæмадаги 1965 анзи 24 июни. Гасай райгурдæй 1892 анзи.*


ХЕТÆГКАТИ Аслани конд хузæ «Лæгæй-лæгмæ тох».

ДЗИДЗОЙТИ Валерий

# ДИГОРУХЪ

Сæдæгай æнзти Дур-Дури гъæуи берæ цæмæдесаг адæм цардæй – таурæхъгæнгутæ æма ахургæндтæ, финсгутæ æма инæлæрттæ, зæнхикустгæнгутæ æма æнæбасæттонтæ хъаурæй, лæгигъæдæй. Уонæй сæ еу, æнæмæнгæ, адтæй Гегати фæйнæгфарс Дигорухъ. Хумæтæг зæнхкосæг æма гъæддзау, фурездон æма хебæлхуæцгæ, мадзора æма æфсæрмигæнагæ. Дурдуйрæгтæ 'й багъуди кодтонцæ е 'гъдауæй, сауæнгæ ма куд цудæй, уомæй дæр. Хъандзалтæбæл цæуæгау раеуæг, æ къæхтæ зæнхæбæл федар лæудтæнцæ. Гъæуæн устур кадæ искодта æ лæгдзийнадæ æма хъаурæй, уæдта куд искурдиадæгин гъæбесæйхуæцæг, уотæ дæр. Дигорухъ XIX æноси 80-аг æнзти фæххоудуйнаг кæнун нæ бауагъта Туйгъанти, гъæуи кадæ дæлæмæ не 'руагъта æма адæми зæрдити байзадæй уæйугæй, неке ибæл фæууæлахез æй, уотемæй. Куд зонæн, уотæ гъæздуг Туйгъантæ æма кæсгон къниæзтæ æности дæргъи лимæндзийнадæ рахастонцæ, кæрæдземæ цудæнцæ иуазæгуати, хæстæгдзийнадæ дæр кæниуонцæ – Дигори баделиатæ æма кæсгон æлдæрттæ еу динбæл хуæст адтæнцæ – пусулмæнтти æма сæ уæлдай хæстæгдæр кодта еци гъуддаг.

Гъæуи ма нур дæр уæхæн хестæртæ ес æма кæсгæнттæ иуазæгуати ку 'рбацæуиуонцæ Туйгъантæмæ, уæд адæм мудибиндзитау куд базмæлиуонцæ, гъæздуг фингитæбæл куд æрбадиуонцæ æма еу абонæй иннæ абонмæ куд фæкковиуонцæ, бæхтæбæл догъи куд ерис кодтонцæ, гъæбесæй сæ тухæ куд æвзариуонцæ. Уой фæсте ба Туйгъантæ фæццæуиуонцæ Кæсæгмæ Анзорти гъæумæ (нуртæккæ зæронд Лескен), ами цардæй къниаз Анзорти Хъайсун, дигоронау рæсугъд дзурдта, уомæн æма æ мадæ адтæй Туйгъанти кизгæ.

Еууæхæни бабæй Дур-Дурмæ иуазæгуати æрбацудæнцæ Анзорти кæсгон къниаз Хъайсун е 'мбæлтти хæццæ. Фиццаг догъи уадæнцæ бæхтæй æма, ке зæгъун æй гъæуй, фæрразæй æнцæ кæсгон уайагæ, хуæрзхаст бæхтæ. Догъи уайуни фæсте ба гъæуама кæсгон гоцъеф æ хъаурæ бавзурстайдæ дигорон гъæбесæйхуæцæги хæццæ. Кæсгон, дуæ метрей дæргъæн къæдзæх, зæнхæй æ фезмæлун кæнунмæ дæр æ нифс неке бахастайдæ. Æ нихмæ æрлæудтæй Бетрозти Батæрбег, еци дзамани федар, хъаурæгин богал. Еристæмæ дуккаг уæладзуги балкъонæй кастæнцæ къниаз Анзори фурт æма Туйгъанти Налухъ.

– Уæллæхи-биллæхи, аци кæсгони нихмæ лæг нæ, фал арс дæр неци бакæндзæнæй, – дзурдтонцæ кæрæдземæн дурдуйрæгтæ, Батæрбег куд хуæрд кодта, уомæ кæсгæй. Еу рæстæг æ астæубæл ци ронæ баст адтæй, уой кæсгон гоцъеф ратудта æма бунтихуæст уоргæд æрцудæй. Нæуæг ронæ ин бабастонцæ æ астæубæл æма нæуæгæй хуæст райдæдта. Гоцъеф зæрдæй архайдта, уадзæ, е ба къниазæй баруагæс уа, æрмæст Кæсæги нæ, фал иннæ рауæнти дæр æ хъаури нихмæ ке неке фæллæудзæнæй, уой, æма ин æ цæсти фулдæр аргъ уа. Берæ нæбал рацудæй æма кæсгон Батæрбеги зæнхæй фæххецæн кодта, æ сæрмæ 'й исиста, цалдæр усми фæсте ба 'й е 'уæнттæбæл æрæлхъиста. Уæлахездзау адæммæ нимдзаст æй, уæдта хъалзæрдæй загъта: «Ке хæццæ рахуæцон, уæхæн лæг нæййес». Анзорти къниаз еци дзурдтæ ку фегъуста, уæд æ зæрдæ фæффедар æй æма æ гъуди раргом кодта: «Мæ гоцъефи мин ка рамола, уомæн кæсгон догъон бæх». Дурдуйрæгтæ мæти бацудæнцæ, Туйгъанти Налухъ æхецæн бунат нæбал ирдта, гъæуи хестæрти фæрсуй: «Гæрр, æ нихмæ ка фæллæууа, уæхæн Дур-Дури нæйес?» Хестæртæ загътонцæ: «Ес уæхæн лæг æма аци уæйуги нихмæ ка 'рлæууа».

– Ка 'й еци лæг æма 'й кæми иссирдæуа? – бафарста Налухъ.

– Е æй Гегати Дигорухъ, – загътонцæ хестæртæ.

– Тагъд имæ фæдздзоретæ, Налухъ дæ, зæгъгæ, агоруй.

Цубур рæстæги фæсте бæхгин фездахтæй, æма Налухъæн загъта:

– Гегатæмæ зæрæндтæй фæстæмæ неке ес, Дигорухъ ба сæумæй дуæ галебæл гъæдæмæ рандæ 'й сог ласунмæ æма нæма фæззиндтæй.

Налухъ дуæ биццеуемæ фæдздзурдта æма син загъта:

– Цотæ æма 'й гъæуи фæсте гъæдæй рацæуæни бахезетæ. Куддæр Дигорухъ фæззинна, уотæ имæ еу æ бæх раттæд, иннæ ба галтæ ратæрæд Гегатæмæ.

...Туйгъанти хæдзари фалæмбула дзахъулайæй байдзаг æй. Гъæуккæгтæ зудтонцæ, Налухъ кæстæртæн ци ниффæдзахста, еци хабар æма цидæр рохси цъита сæ зæрдитæмæ æрбакалдæй.

Дигорухъ фæлладæй æздахтæй гъæдæй. Дуæ гали уæззау согти уæрдун тухласæ кодтонцæ. Гъæдæй ку рахизтæй, уæд дуæ биццеуи бæхтæбæл бадгæ рауидта æма сæ бафарста:

– Ма фæдздзæгъæл уотæ гъæдæй гъæуи 'хсæн, ци косетæ ами?

Биццеутæй еу цурд æргæпп кодта бæхæй, æ размæ бацудæй æма ин загъта:

– Туйгъантæмæ кæсгон къниæзтæ æрбацудæй æма нæ Налухъ дæумæ рарвиста. «Дессаг, Гегати Дигорухъ ба Туйгъанти цæмæн багъудæй?» – сагъæси бацудæй Дигорухъ. Бæхбæл рабадтæй æма Туйгъанти тургъæмæ фæрраст æнцæ. Налухъ сæ хизта, сæ размæ рацудæй æма гъуддаг балæдæрун кодта. Дигорухъ еу минкъий рæстæг сабурæй фæллæудтæй, уæдта хатиртæ корун райдæдта, аци дарæси куд бацæуон кæсгон æлдæртти размæ, ходуйнаг уодзæнæй, зæгъгæ.

– Нуртæккæ е сæйраг нæй, – æ дзурд ин райста Налухъ. – Уой бæсти баздæхæ æма нæ фæххоудуйнаг кæнун ма бауадзæ. Кæсгон гоцъефи рампурсун гъæуй. Кæд ибæл фæууæлахез уай, уæд дин, дæ фуни дæр ке нæма фæууидтай, уæхæн кæсгон догъон бæх, рæсугъд цохъатæ æма дæс æвзестæ соми.

Фæллад æма æстонг Дигорухъ сабур лæудтæй æма æ къæхти бунмæ кастæй. Еугур Иристони дæр игъустгонд ка адтæй, еци Налухъæй æфсæрми кодта, айдагъ фæллад нæ, фал хуæрунгъæуагæ дæр ке адтæй, уомæй дæр. Дигорухъ, æ гъæуккæгтæ имæ куд æнгъæлдзау кастæнцæ, уой фæууингæй æнæбари загъта:

– Æхцабæл гъæбесæй нæ хуæцун, фал Дур-Дури кадæ багъæуай кæнуни туххæй ба рахуæцдзæнæн гъæбесæй... сауæнгæ æстонгæй дæр.

Налухъ балæдæрдтæй æ дæлгоммæ дзурд, бардзурд равардта æ фæсдзæуинттæн:

– Хуæрруйнагæй имæ фæккæсетæ, уæдта 'й еуминкъий уолæфун бауадзетæ.

Аци рауæн Дур-Дури зæронд цæргутæ фæйнæхузи дзурдтонцæ. Еуетæ зæгъунцæ, Дигорухъ, дан, фунх фус еугурæй дæр бахуардта, уæдта къибилайдзаг бæгæни баниуазта, иннетæ ба дзурдтонцæ, фусæн е 'рдæгæй фулдæр нæ бахуардта, уæдта æртæ къерей æма дуæ литри бæгæни, æртиккæгтæ ба уотæ: «Дигорухъ минкъий бахуардта, айдагъдæр еу фунх гогуз, дуæ къерей, уæдта бæгæни нæ, фал месин баниуазта». Цидæр адтæй, уæддæр Дигорухъ рæфтад искодта, æхемæ базилдæй, хуарз дарæси рацудæй гъæбесæй хуæцунмæ. Тургъи адæми нимæдзæбæл ма еума уойбæрцæ бафтудæй. Кæсгон гоцъеф раздæр рацудæй, кæми хуæстайуонцæ, уордæмæ æма æ федар иуæнгтæ æвдиста адæммæ, æ уиндæй сæбæл тас æфтудта. Дуккаг уæладзуги балкъони рабадтæнцæ Анзорти Хъайсун æ фæсдзæуинтти хæццæ æма Туйгъанти Налухъ. Сабур къæхдзæфтæй, цæбæлдæр гъуди кæнгæй, рацудæй Гегати Дигорухъ. Абони некебал зæгъдзæнæй фæстагæнттæй, цæбæл гъуди кодтонцæ Иристони устурдæр æлдæрттæй еу – Туйгъанти Налухъ æма хумæтæг зæнхкосæг Гегати Дигорухъ еци усмæ, уой. Æвæдзи, сæ гъуди еу адтæй: нæ адæмбæл ходуйнаги игакæ исæварун нæ бауадзун, бæгъатæрдзийнадæ бавдесун, уæлахезæй байзайун. Дигорухъ æрлæудтæй цъæх фæзи, дуæ метри дæргъæн лæг æ гурæй бамбарзта хуæцæн бунати æрдæг. Дуæ лæги кæрæдземæ комкоммæ æрлæудтæнцæ, кæрæдзей рæнттæбæл федар æрхуæстæнцæ. Гъæбесæйхуæст райдæдта. Кæсгон гоцъефи цæсгонæй медбилхудт фесавдæй, уæлдайдæр ба 'й фезмæлун кæнунбæл ку райархайдта, уæд. Еу хатт, дуккаг, æртиккаг хатт. Цума Дигорухъи къæхтæ æфсæйнаг адтæнцæ, уотæ сæ бунатæй æзмæлгæ дæр нæ фæккодтонцæ. Дигорухъ къæдзæхау лæудтæй, гоцъефи бон ин неци бацæй. Е нæ, фал цалдæр усми фæсте Дигорухъи сæрмæ къæхтæ хъелæй куд равзурстæй, уой лæдæргæ дæр нæ бакодта. Гоцъеф æ тæппæстæ цагъта, æхе Дигорухъи домбай къохтæй ратонунмæ гъавта, фал кæми? Цæйдæрбæрцæ рæстæг æй ку фæррахæссæ-бахæссæ кодта, уæд Туйгъанти æлдармæ дзоруй:

– Ци ин кæнон нур?

Налухъи бæсти æ гъæуккæгтæ загътонцæ:

– Е уонтæбæл æй æргæлдзæ!

Дигорухъ æ нихмæлæууæги зæнхæмæ æрæлхъивта, æ уæзæ ибæл æруагъта, фал иннæ усми ба кæсгон цидæр амæлттæй æхе ратудта, фæууæгъдæ 'й æма æ къæхтæбæл ислæудтæй. Дигорухъ дæр фестадæй, кæрæдзей нихмæ бабæй æрлæудтæнцæ. Кæсгон райархайдта æ фезмæлун кæнунбæл æма æ къохи ку неци бафтудæй, уæд Дигорухъ дæр нæбал ниббухстæй, æхемæ 'й æрбалваста, зæнхæй фæццох æй, сæрмæ 'й рæуæг фелваста, æ тухæ – æ бонæй æй зæнхæбæл ниццавта, æрхъан ибæл æма 'й зæнхæмæ уотæ нилхъивта, оххай, ку бабæй мин райервæза, зæгъгæ, æма исуолæфунгъон дæр нæбал адтæй кæсгон.

– Астъафирилла! – цийни гъæртæ райгъустæй фæйнердигæй. Еци усмæ дуæ богалей гъостæбæл уæхæн фæдесгъæр æрцудæй, цума Туйгъанти цъæхсæртæ сæ сæртæбæл æркалдæнцæ. Е Гегати Дигорухъ кæсгон гоцъефи е 'уонтæбæл ке 'рæвардта, уобæл цийнæ кодтонцæ дурдуйрæгтæ. Кæсгон ба уонтæхъел сæргубурæй рацудæй æма æхе баримахста.

Уотæ багъæуай кодта Дур-Дури кадæ, Иристони ном хумæтæг зæнхкосæг, сабур къæдзæх лæг Гегати Дигорухъ. Адæм æй уотæ берæ уарзтонцæ æма ибæл зар искодтонцæ кади зар æма 'й кувдтити, киндзæхсæвæрти Дигори абони дæр зарунцæ.

***

Гегати Дигорухъ Гегкий фурт æма æ бийнойнаг Гатути Косейæн исæнтæстæй фурт Хакъиассæ, кизгуттæ Гадау, Гуассæ, Астар, Бецал æма Минæт. Хакъиассæ цардæй Дур-Дури 1902 анзи уæнгæ, уæдта фæллигъдæй Уорсдонмæ æма уоми уæлмæрдти æвæрд æрцудæй. Байзадæй ин æртæ фурти: Амурхан, Батæрбег (Уагке), Барис (Беза).

Гадау киндзи æрцудæй Елхоттæмæ Бади Годахмæ. Æ фурттæ Муссæ, Садулæ, Тох.

Астари цардæмбалæн æрхудта Æгъузарти Афæхъо. Исæнтæстæй син æртæ фурти: Сæуген, Алихан, Хъанамат. Бецал дæр æрцудæй Æгъузартæмæ, уорсдойнаг Хакъиассæмæ. Исгъомбæл кодтонцæ Мæрзахъул, Геуæрги æма Алихани (Агани).

Гуассæ æма Минæт ба æригæнттæй рамардæнцæ.

Уотæ, Гегати домбай Дигорухъи тог æма стæг, æ дзилагæ уæлæбæл байзадæй, æ цæуæти цæуæти цæуæт Иристони алли къумти цæрунцæ æма сæ фулдæр, куд хæстæг æнцæ, уой зонгæ дæр нæбал кæнунцæ.

Нæ рагфидтæлти загъдтитæй:
*«Хестæр нæ зунд æй, æма ин аргъ кæнун гъæуй; кæстæр нæ тухæ 'й, æма ин над дæттун гъæуй…»*





***КЪАРИ: (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) бадунцæ: КАСЮКОВА Таисия – фæскомцæДЕСИ ОБКОМИ СЕКРЕТАРЬ, ГУÆЦÆЛТИ ВАЛЯ – фæскомцæдеси Ирæфи райкоми фиццаг секретарь, БУЛАЦАТИ Хазби – фæскомцæдеси обкоми фиццаг секретарь, ЦÆЛЛАГТИ Аллæ – фæскомцæдеси Алагири райкоми фиццаг секретарь, БЕДОЙТИ Тамарæ – фæскомцæдеси Орджоникидзей райкоми фиццаг секретарь. Лæуунцæ: ДЗИЦЦОЙТИ Хасан – фæскомцæдеси обкоми оргархайди сæргълæууæг, ГРИЦЮТА Александр – фæскомцæдеси Мæздæги райкоми фиццаг секретарь, КЪОЗОНТИ Мурат – фæскомцæдеси обкоми дуккаг секретарь, ХЪАЛАТИ Сашæ – фæскомцæдеси Дигори райкоми фиццаг секретарь, ЛАШМАНОВ Валентин – фæскомцæдеси Горæтгæрон райкоми фиццаг секретарь, ПЛАХТИЙ Сергей – фæскомцæдеси Орджоникидзей горкоми фиццаг секретарь, ФИДАРАТИ Хъазбег – фæскомцæдеси Кирови райони фиццаг секретарь, БОЛИАТИ Зелимхан – фæскомцæдеси Рахесфарси райкоми фиццаг секретарь, АРДАСЕНТИ Георги – фæскомцæдеси Æрæдони райкоми фиццаг секретарь.***
***Къарæ ист æрцудæй 1961 анзи.***

# АДТÆЙ ФÆСЕВÆДÆН СÆ РАЗАМОНÆГ ДÆР ÆМА ГЪОМБÆЛГÆНÆГ ДÆР

***Мæнæ дæлдæр ци æрмæг бакæсдзинайтæ, уой мухур кæнæн цалдæр гъуддагемæ гæсгæ. Еуемæй си дзубанди цæуй, советон доги зундгонд фæскомцæдесон архайæг, филологон наукити доктор, Ленингради паддзахадон университети журналистики факультети раздæри декан Булацати Сергейи фурт Хазбийи туххæй, æма уой райгурдбæл дæс æма цуппаринсæй анзи ке исæнхæст æй (1932-1984), уомæ гæсгæ. Иннемæй ба, куд зонетæ, уотемæй аци анз Уæрæсей нæ бæсти Президенти унаффæй нимад æй æнæматериалон културæ æма адæмон исфæлдистади Анзбæл, æма, уой фæдбæл нæ газети ци сæрмагонд æфтауæн уадзæн, уоми ин сæрмагондæй имисæн æ рохс ном. Уомæн æма журналистикæ, дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ 'нцæ нæ национ култури къабæзти 'хсæн æмсæр къабазæ. Уомæн æвдесæн Булацай-фурти цардвæндаг æма исфæлдистадон архайд дæр.***



### АДÆЙМАГ ЦИТГИЙНАГ ФÆУУЙ Æ АРФИАГ ГЪУДДÆГУТÆЙ…

Булацати Сергейи фурт Хазби райгурдæй Ногири гъæуи 1932 анзи 4 майи. Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте бийнонтæ сæ цæрæнбунат раййивтонцæ Дзæуæгигъæумæ. Ами ахур кодта 30-аг астæуккаг скъолай, уой фæсте ба æнтæстгинæй каст фæцæй Ленинградi Ленини æма Фæллойнадон Сурх Турусай ордентæхæссæг паддзахадон университети (уæд ма А.А. Ждани ном хаста) журналистики факультет. Æ дæснийадæбæл косунмæ 'й рарвистонцæ Липецки облæстмæ. Фиццаг анз куста Краснински райони газет «Краснинская правда»-йи хайади сæргълæууæгæй, уой фæсте ба – Липецки облæстон фæсевæдон газет «Ленинец»-и. Æртæ анзи си бакуста. Уæд е æнæмæнгæ гъуддаг адтæй. Уоми æхе равдиста дæсни журналистæй æма æхсæнадон архайæгæй. Уой туххæй бæрзонд цæстиварди адтæй, уарзтонцæ 'й æма ин кодтонцæ кадæ.

Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте исæздахтæй Цæгат Иристонмæ æма косун райдæдта газет «Молодой коммунист»-и. Уайтæккæ ибæл сæ цæстæ æрæвардтонцæ республики разамонæг косгутæ æма 'й байагурдтонцæ косунмæ фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми аппаратмæ. Æма æхе бавдиста куд фæсевæди раздзæуæги менеугутæй æнхæст, æригæнтти æхсæн куст райаразунмæ арæхстгин, сæ хæццæ дзубанди кæнунмæ дæсни, нæуæг арфиаг гъуддæгутæмæ сæ разæнгардгæнæг, фæлмæнзæрдæ, кустуарзагæ. Æма ин хестæртæ дæр аккаг аргъ куд нæ искодтайуонцæ æ еци ацъагъуитæмæ гæсгæ – цубур рæстæги фæсте æй куд фæсевæди уарзон æмбал æма искурдиадæгин раздзæуæг, уотæ равзурстонцæ ФÆЛКЦ-и Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарæй. Æ еузæрдиуон куст хуарзæрдæмæ фæззиндтæй куд фæскомцæдеси облæстон комитети, уотæ нæ республики еугур фæскомцæдесон организацити архайдбæл, еугур республики фæсевæди цардбæл. Бæрзондæй-бæрзонддæр кодта æ кадæ, æ ном. Уомæн æма адтæй искурдиадæгин, фæсевæдбæл рæстуодæй ауодагæ, дæсни гъомбæлгæнæг, арæхстгин, кустбæл æновуд, рæстзæрдæй домагæ разамонæг.

Куд фæсевæди раздзæуæг, уотæ æ дæсни архайди туххæй берæ дæнцитæ æрхæссæн ес, фал уони нимайунæн нин фадуат дæр нæййес, уæдта нæ абони дзубанди дæр æндæр фарстай фæдбæл æй – разамонæг адæми размæ æ ихæс куд лæдæруй æма уомæ гæсгæ гъæуама куд æнхæст кæна æ сæйрагдæр ихæс, гъома, адæми цардиуаги фарстатæмæ лæмбунæг ун, гæнæн æма амал ци ес, уомæй сæ гъæугæ хузи аразун.

Уомæ гæсгæ ба æримисдзинан Булацати Сергей фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарь ку адтæй, æ уæди кусти хабæрттæй цалдæр.

…Хазби æ косæнуати цидæртæ архайдта, уотемæй имæ дуар кадæр æрбахуаста.

– Æнгъезуй уæмæ? – æфсæрмигæнгæй æрбакастæй хуæрзæригон биццеу.

– Медæмæ, – дзуапп равардта Хазби, æма ин æ къохæй райамудта, хæстæгдæр рацо æма исбадæ, зæгъгæ.

Биццеу цалдæр къахдзæфи бакодта æма бабæй æрлæудтæй. Хазби балæдæрдтæй, цæбæлдæр ке тухсуй уой, фал æй зæгъун ба ке нæ фæразуй. Цæмæй æй фæрразæнгарддæр кæна, уой туххæй бадæнæй исистадæй, æ къох ин райста, къелабæл æй исбадун кодта æма, цума рагæй зонгæ адтæнцæ, уой хузæн æй бафарста:

– Ци хабæрттæ дæмæ ес?

Биццеу фæннифсгундæр æй, æма сæрæй-бунмæ æ хабæрттæ ракодта...

Руслани (уотæ хундтæй биццеу) мадæ дуккаг хатт лæгмæ 'рцудæй. Цардæнцæ Астæуккаг Азий. Æ мади лæги хæццæ нæ федудтонцæ. Аллибон – хилтæ. Истухстæй. Æ бон ку нæбал адтæй, уæд сæ хæдзарæй рацудæй. Иссудæй Иристонмæ. Æнгъæл адтæй, Орджоникидзей (нури Дзæуæгигъæу уæди рæстæгути уотæ хундтæй – Ред.) æй æ хæстæгутæ байуазæг кæндзæнæнцæ. Фæррæдудæй. Уазал цæстæй имæ ракастæнцæ. Æма бабæй уордигæй дæр рацудæй. Цалдæр æхсæви вагзали фæцæй. Идарддæр уотемæй цæрæн ке нæййес, уой бæргæ лæдæрдтæй, фал ци кæна?.. Кадæр æй фæскомцæдеси обкоммæ исаразта – фæййагъаз, дан, дин кæндзæнæнцæ, зæгъгæ...

Хазби арф ниууолæфтæй. Ка 'й зонуй, æма еци сахат æ цæститæбæл рауадæнцæ æхе сабийбонтæ. Ниййергути рæвдуд нæ бавзурста. Æртæ анзи ибæл æнхæст нæма цудæй, уотемæй рамардæй æ мадæ. Гъомбæл кодта аллирауæнти. Цъухи фæлмæн дзурд дæр имæ ке некæд неке искодта, зæрдтагон рæвдудæй æнæхай ке адтæй, е еудадзугдæр æ зæрдæбæл лæууй. Уæдта си, æвæдзи, æгириддæр некæд феронх уодзæнæй...

Æнæдзоргæй уати хецау æма æ иуазæг дзæвгарæ ралæудтæнцæ. Уæдта Хазби æнай-æнойти фегъæлдзæгхуз æй.

– Тæрсгæ ма кæнæ!.. Фæййагъаз дин кæндзинан...

Телефонæй цалдæр рауæнемæ радзурдта. Фæстагмæ ке хæццæ дзубанди кодта, уой дзуаппæй аразийæй байзадæй. Сæ дзубанди ку фæцæй, уæд Хазби исистадæй æма Русланмæ дзоруй:

– Цæуæн. Сахæттæгæнæн заводи мин зæрдæ байвардтонцæ…

Игъæлдзæгæй рацудæнцæ директори уатæй.

– Раздæр бал ракосдзæнæ ахургæнуйнагæй, – Руслани усхъæбæл æ къох æрæвардта Хазби. – Æцæг мæ куд некæд фæкъкъæндзæстуг кæнай, уотæ. Мæнæ дин æхца. Бафеддзæнæ си æмдзæрæни аргъ. Атæ ба дин хуæрунæн. Цалинмæ мизд есай, уæдмæ дин фагæ 'нцæ.

### Æ УСТУРДÆР ЦИЙНÆ УИДÆ, Æ ХУАРЗ КУ ФÆРРÆСТМÆ УИДÆ…

Биццеу фурæфсæрмийæй ци фæцайдæ, уой нæбал зудта. Ци дессаги хуарз адæймаг æй, зæгъгæ, дестæ кодта Хазибæл – абони 'й бафæсмардта, уотемæй ибæл куд хъæбæр тухсуй – куст ин иссирдта, æмдзæрæни цæрдзæнæй, никки ба ма ин æхе æхцатæ дæр равардта.

– Райсæ, райсæ, кенæдта мæн дæр цæун гъæуй, – æ гъудитæй æй «фæййервæзун» кодтонцæ Хазбийи нифсдæттæг загъд.

Руслан, «нæ», зæгъгæ, цалдæр хатти бæргæ бакодта, кæд æй еци æхцати сæр æнæмæнгæ гъудæй, уæддæр, фал æй Хазби исарази кодта.

Рацудæй дзæвгарæ рæстæг. Еу бон Хазбийи косæнуатмæ æрбацудæй Руслан. Нæуæг костюм ибæл. Хазби æй ку рауидта, уæд æ цæсгон цийни уолæнтæй ниррохс æй. Лæхъуæнæн æ къох еуцæй-

дæрбæрцæдæр рæстæг нæбал исуагъта.

– Кæдæй-уæдæй ма дæ фæууидтон, – загъта Хазби. – Куд æнцæ хабæрттæ?

Æма бабæй Руслан ракодта æ хабæрттæ, аци хатт зингæ зæрдрохсдæрæй. Заводи косгутæ имæ фицдаг бонæй фæстæмæ сæ цæстæ дардтонцæ. Лæхъуæн зæрдæргъæвд разиндтæй æма кустбæл уайтæккæдæр фæццалх æй. Нур æхуæдæг иннетæй лæгъуздæр нæ арæхсуй. Раздæр дæр бæргæ æрбацудайдæ Хазбимæ, фал, цалинмæ ахургæнуйнаг адтæй, уæдмæ 'й нæ фæндадтæй æ хæццæ фембæлун. Гъæуама 'й е дæсни косæгæй фæууина. Абони фицдаг мизд райста. Æвддæсанздзуд лæхъуæн æхецæн æхе харзæй нæуæг дзаумæуттæ балхæдта æма æ хуæрзгæнæгмæ æрбацудæй арфæ кæнунмæ.

– Ци хуарздзийнадæ дин фæуuон, уой нæ зонун, – фурæфсæрмийæй æ цæсгон ниссурх æй, утемæй загъта Руслан.

Хазби ин æ еци дзубанди фæуурæдта:

– Косун ке райдæдтай æма дæ де 'мбæлттæ ке æстаунцæ (Хазби заводмæ телефонæй ахид бадзоридæ, уæ нæуæг косæг куд æй, зæгъгæ, рафæрсидæ), уомæй хуæздæр мæ неци гъæуй.

## ХУÆРЗГÆНÆГÆН Æ АМОНД – ЕСКÆМÆН ФÆЙЙАГЪАЗ КÆНУН

Адæймагæн фæййагъаз кæнун, тухст уавæри æ фарсмæ æрбалæуун, æ сагъæстæ ин балæдæрун – етæ адтæнцæ, Булацати Хазбийи удиконди хуæрзæригонæй фæстæмæ ка ниффедар æй æма æ царди еугур фæззелæнти дæр федарæй хуæст кæбæл адтæй, æ еци менеугутæ. Уонæбæл æ зæрдæ некæд раййивта скъолай дæр, Ленинградий паддзахадон университети дæр, Липецки æма Иристони фæсевæдон газетти косгæй, фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми фицдаг секретарь уогæй, Ленинградий паддзахадон университети аспирантури ахур кæнгæй, фæстæдæр ба си ахургæнæгæй дæр æма бæрнон бунæтти дæр косгæй.

Еу рæстæг Хазби хъæбæр фæссæйгæ 'й. Æртæ мæйей бæрцæ фæцæй сæйгæдони. Цудæнцæ имæ хæстæгутæ, зонгитæ. Хабар байгъустæй Дзæуæгигъæуи 30-аг скъоламæ дæр. Куд нæ адтайдæ тухлæг ахургæнгутæн, сæ раздæри хуæздæр скъоладзаутæй еу тухст уавæри ке æй, уой фегъосун. Æма имæ æрбацудæнцæ сæйгæфæрсæг.

– Александрæ Агафонова æма Мария Назарова къæсæрæй ку 'рбакастæнцæ, – имиста уой фæсте Хазби, – уæд фурцийнæй мæ цæстисугтæ æркалдæнцæ. Мæ нез дæр ми феронх æй…

Еци бон берæ кедæрти æримистонцæ. Цæмæдæр гæсгæ сæ зæрдæбæл æрлæудтæй скъолай хими æма биологий ахургæнæг Елизаветæ Куропаткина. Хуарз адæймаг адтæй. Нуртæккæ Дзæуæгигъæуи музыкалон-драмон театри алливарс ци бæлæстæ ес, уони бунати раздæр хæмпæлтæ задæй. Елизавети бафæндадтæй уоми бæлæстæ ниййаразун. Кæцæйдæр æрхаста берæ талатæ. Мах сæ, имиста Хазби, зонгæ дæр нæ бакодтан æма сæ нæ ахургæнæги фæндонмæ гæсгæ ниййарастан не скъолай дæллаг фарс. Нур си цæййасæ бæлæстæ исирæстæй!.. Сæ буни даргъ къелатæ, парки хузæн. Елизаветæ нæбал æй, фал æ фæд ба арфиагæй зæнхæбæл байзадæй.

Булаци-фурт фæсевæди хæццæ косгæй, æ хуæрзæгъдаудзийнадæ ци берæ арфиаг гъуддæгутæй бавдиста, уонæй ма нæ фæндуй еуей кой ракæнун. Цæветтонгæ, æ кустмæ имæ æрбацудæй еу мæздæггаг лæг æма ин хъæбæр тухстхузæй рахабар кодта, мæ кизгæ, дан, баптистти хæццæ фæллимæн æй.

Хазби рандæй Мæздæгмæ, Ленæ кæми цардæй, уордæмæ. Кизгæн æ бакастбæл бæрæг адтæй, æ зæрдæ кæдзос ке æй, е. Айдагъдæр имæ над иссерун гъæуй. Ку нæ дæбæл бауæнда, уæд дæ сугъзæринттæ дони бакæлдзæнæнцæ. Кизгæ неци баримахста. Гъо, æцæгæйдæр баптист æй, æ мади хуæрæ 'й базонгæ кодта еци дингæнгути хæццæ. Цæуй ибæл æстдæс анзи, базарадон техникуми фæсаууонмæ ахур кæнуй. Æ фæлварæнти рæстæг фусунуат æ мади хуæрæмæ фæккæнуй. Е ба баптист æй. Ахид имæ 'рбацæунцæ æ æмдингæнгутæ.

Ленæн æ мадæ æрæги рамардæй. Æхемæ игъосунбæл ку фæууй, уæд æй æ мади хуæрæ æхемæ хæстæгдæр æрбакæнуй. Цума æнæбари рауайуй, утæ ин æ рази баптистти киунугутæ ниуудзуй. Кизгæ сæ кæсун райдайуй.

Утемæй-утемæй силгоймаг Лени зæрдæ æрсаста. Сæ аргъауæнмæ 'й æ хæццæ хонун райдæдта. Фæстагмæ кизгæ федарæй æрлæудтæй баптистти надбæл. Гъе уомæ гæсгæ еци рæстæг иссудæй æ фидæ фæскомцæдеси обкоммæ дæр.

... Хазби кизги хæццæ дзубанди кæнуй аллихузон фарстатæбæл; литературæбæл, аййевадæбæл, хузæкæнунадæбæл. Кизгæ хъæбæр зæрдæргъæвд разиндтæй. Зонуй, лæдæруй алцидæр. Фал æ надæй фæккиудтæй, фæскомцæдеси хигъдæй æхе исесун кодта. Æ хæццæ берæ бакосун гъæуудзæнæй. Къуар хатти ма 'рцудæй Булаци-фурт Мæздæгмæ, къуар хатти ма дзубанди кодта Лени хæццæ.

Уалинмæ æрхъæрттæнцæ паддзахадон фæлварæнтæ. Лени хабæрттæ зундгонд адтæнцæ техникуми дæр. Хазби байархайдта, цæмæй ин еци гъуддаг ахургæнгутæй дæр æма ахургæнуйнæгтæй дæр æ цæстæмæ маке бадара. Фæлварæнтæ равардта. Диплом ку райста, уæдта Хазби нæуæгæй æ хæццæ фембалдæй æма ин загъта:

– Мæздæгмæ мабал рандæ уо.

– Мадта ами кæми цæрдзæнæн? Уæдта ма кæми кæми кус ка ратдзæнæй?

– Кæд дæ фæндуй, уæд дæ æз универмаги нивваерун кæндзæнæн кусти.

– Бæргæ мæ фæндуй, фал...

– Æз дин дзурд дæттун.

Уой размæ Хазби Лени дзæуæгигъæуккаг хæстæгути хæццæ бадзубанди кодта, цæмæй Ленæ уонæмæ æрфусун кæна. Лени мади хуæрæмæ ба фæдздзурдта æма ин балæдæрун кодта, æригон кизги фесинмæ надбæл ку ардауа, уæд си дзуапп ке байагордзæнæнцæ. Силгоймаг зæрдæ байвардта, æхсæвеуат кæнунмæ 'й ке некæдбал æрбахондзæнæй.

– Айдагъдæр еу гъуддаг мæ зæрдæмæ нæ цæуй, – загъта Хазби Ленæн. – Æз бацæудзæнæн универмаги директормæ фæскомцæдесони туххæй. Ду ба баптист дæ. Рагъуди кæнæ убоæл. Дзуапп ди уайсахатбæл нæ агорун. Кæд фæстæмæ фæскомцæдеси рæнгъитæмæ бацæудзæнæ, уæд мин æй фегъосун кæнæ.

Рацудæй цалдæр бони. Ленæ иссудæй Хазбимæ. Æ дзубанди адтæй цубур:

– Арази дæн.

Ленæ косун райдæдта. Æ гæгъæдитæ фæстæмæ балæвардта фæскомцæдеси райкоммæ æма хигъди ниллæудтæй. Фæстæдæр иссæй кустуати фæскомцæдесон комитети иуонг, æнтæстгинæй фæсауýонмæ каст фæцæй базаради институт. Едзурдæй, æрлæудтæй æцæг надбæл.

Гъе уæхæн хабæрттæй æцæг раздзæуæг æма разамонæг ниуудзуй дзилли зæрдити арфиаг фæд. Гъе æй адæймаги сæрбæл тох кæнуни æцæг æвдесæн. Æма еци менеуæг ба Булацати Хазби æвдиста æ царди алли къахдзæфæй дæр.

## НИФСХАСТ ÆМА РАЗÆНГАРД АДТÆЙ Æ УОДИКОНДИ ХЪАУРÆЙ

Булацати Хазби идарддæр дæр, зæгъæн, ку рацудайдæ æхсæнадон-политикон архайди надбæл, уæд, федарæй зæгъун æнгъезуй, берæ ин бантæстайдæ, зингæ бæрзæндтæмæ си исхизтайдæ. Фал махмæ, Иристони, куд фæууй, утæг рауадæй ай хабар дæр – искурдиадæгин лæхъуæн е 'нтæстгин архайдæй, дзиллæ си боз ке 'нцæ, уомæй «гъар бунæттæмæ» гъавгутæ 'й хъор кæнун байдæдтонцæ. Æма, гæнæн цæмæй адтæй, уомæй ин цæлхдортæ аразтонцæ. Уой хæццæ ба ма Хазби, рæстзæрдæ уогæй, фæливд миутæ кæнун æ сæрмæ нæ хаста, нæбæзгæй нæбæзгæ зæгъидæ, хуарзæй ба – хуарз. Æма уæди рæстæгути ба нифсгунæй æргом дзорун æнцон нæ адтæй. Фал Хазби тæрсагитæй нæ адтæй.

Уой фæдбæл е 'мгъæуккаг æма æрдхуард, зундгонд æхсæнадон архайæг, публицист æма финсæг Хъесати Валоди æ имисуйнæгти финста: «Республики партион-хæдзарадон активи æмбурдти, партий æма фæскомцæдеси обкомти пленумти, конференцити Хазби ку радзоридæ, уæд, цума кæцæйдæр кæдзос уæлдæф æрбадумидæ, утæ мæмæ кастæй. Сæрустурæй, æдæрсгæй дзурдта нæ республики фæсевæди уавæрти туххæй, сæ цард æма син сæ кусти гъæуагæдзийнæдтæ райеуварс кæнуни мадзæлтти туххæй. Æргом критикæ кодта, хæдзарадон æма разамонæг косгутæй фæсевæдмæ æ гъос ка нæ дардта, уони. Æ арф гъуди раздзубандитæмæ ин ахид игъустон, уомæн æма еци рæстæги кустон ахургæнæгæй, культури министради, партий Горæтгæрон райкоми. Мах ма ин тæрсгæ дæр кодтан, æгæр нифсхастæй дзоруй, æма 'й ку исесонцæ æ кустæй, зæгъгæ...»

Цидæр адтæй, уæддæр Булаци-фуртæн æ æдæрсгæ æма æргом дзурд хъазарбæл ислæудтæнцæ – æригон искурдиадæгин косæг æ зæрди незæй сæйгæдонæмæ бахаудтæй: æ бунатæн си ка тарстæй, етæ ин æнæгъæуаги маст кодтонцæ. Æ дæсни адæмæ гæсгæ кусти бунат ку фæззиндтæй нæ республики – Паддзахадон рауагъдади комитети сæрдари бунат (кæддæр еци бунати æ фидæ куста), уæд имæ партий обкоми секретартæй еу бацудæй сæйгæдонæмæ æма 'й фæрсуй, ке нин байамондзæнæ еци бунатмæ, зæгъгæ. Кæд цæфæй нæ мæлис, уæд дин е ба – рæхуст. Хазби бангъалдта, æма ин зæгъдзæнæй, еци бунатмæ дæ æрветæн, фал æй фудæнæнгæнæгау нæуæг сагъæси багæлста обкоми секретарь. Баледæрдтæй Хазби, Иристони ин ирæзти надбæл идарддæр цæуæн ке нæбал ес, уой. Æма уæд æ размæ исæвардта нæуæг ихæс – æхсæнадон кусти надæй ахури, зонадон кусти надмæ рахезун.

Æма еци надбæл рацæугæй дæр ин агъазиау гъуддæгутæ исаразун бантæстæй. Ленинградий æхуæдæг каст ке фæцæй, еци университети бацудæй ахур кæнунмæ журналистики факультети аспирантурæмæ. Каст æй фæцæй æма æнтæстгинæй багъæуай кодта историон наукити кандидати диссертаци зингæ ирон рохситауæг, публицист, критик Дзасохти Гигой цард æма исфæлдистади туххæй. Æ диссертаци хундтæй «Осетинский публицист-революционер Г.И. Дзасохов».

Историон наукити кандидат Булацати Хазби косун райдæдта Цæгат Иристони наукон-æртасæн институти хестæр наукон косæгæй. Фал журналистики историй туххæй устур дессаги хуарз зонундзийнæдтæ ке равдиста æма æ дæсни искурдиади фæрци арф фæд ке ниууагъта Ленинградий университети, уой туххæй æй байагурдтонцæ фæстæмæ еци университетмæ ахургæнæги куст кæнунмæ. Рандæй æма си райдæдта косун ахургæнæгæй журналистики факультети, иссæй хестæр ахургæнæг, доцент. Æнтæстгинæй кодта наукон æма æхсæнадон куститæ. Адтæй журналистики факультети декани хуæдæййевæг, 1976 анзæй фæстæмæ ба куста журналистики кафедри сæргълæууæгæй. Уæхæн игъустгонд университети е бæрнон бунат адтæй, уæлдайдæр æрцæуæг лæгæн.

## ИРИСТОНИ КАДИ СÆРБÆЛТАУ РÆСТЗÆРДÆЙ ХЪИАМÆТ КОДТА

Никки фулдæртæ ма бæргæ бантæстайдæ Булацати номдзуд Хазбийæн, фал алци уомæй аразгæ нæ рауадæй. Алцæмæйдæр тухгиндæр разиндтæй æгъатир адзал... Æгъатир нез ин æгæр фæццубуртæ кодта æ цардæнгаг, нæ ин равардта æ бæлдитæ æнхæстæй исæнхæст кæнуни фадуат – æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй, дууадæс æма дууинсæй анзи ибæл цудæй, утемæй. Хъæбæр ибæл фæхъхъонц кодтонцæ Ленинградий цæрæг иристойнæгтæ. Сæхе харзæй æй исæмбæлун кодтонцæ æ райгурæн Иристонбæл.

Берæ дзиллæ æрæмбурд æнцæ Дзæуæгигъæуи Коцойти Арсени гъæунгæмæ Хазбийæн гъигæнзæрдæй фæстаг фæндараст зæгъунмæ. Хъæбæр ристзæрдæй ибæл фæхъхъонц кодтонцæ æ хæстæгутæ æма хеуæнттæ, ке хæццæ куста, æ берæ æрдхуæрдтæ, æ хуæрзауодундзийнадæй ка фæххайгин, етæ дæр...

Æ æносон бунат ин иссæй æ фидиуæзæг – æ уарзон Иристони зæнхæ. Æ кадгин ном, æ берæ наукон куститæ, æ киунугутæ ба ин байзадæнцæ æносон циртдзæвæнæн.

***

*Булацати Хазбийи кой абони ракодтан уомæн, æма, еуемæй, гъæуама иронхи ма уонцæ æма нæ дзиллæ, уæлдайдæр ба кæстæртæ гъæуама зононцæ, Иристони кадæ æма намусбæл рæстуодæй æма еузæрдиуонæй ка хъазауат кодта, уони рохс нæмттæ, иннемæй ба, нурикон разамонгутæ зононцæ, æцæг адæмуарзон ка адтæй, еци адæймæгути уодиконд æма сæ фæнзонцæ. Утæ ку уа, уæд нæ абони цардиуаги хабæрттæ дæр æнтæстгиндæр удзæнæнцæ.*



БУЛАЦАТИ Хазби Ленинградий университети ахурдзаути хæццæ зеуи архайгæй.

**Нæ рагфидтæлти зæгъдтитæй:**
*«Еу маргъ, дан, авд æвзагемæй дзурдта, цъеусор æй ку æрсурдта, уæдта си æхе æвзаг дæр феронх æй…»*





ТОТОЙТИ Хъазбег (рахесæрдигæй дуккаг) æма БАЙТИ Альбинæ (разæй рахесæрдигæй цуппæрæймаг) нæ номдзуд кафти ансамбли коллективи хæццæ гастролти ранæхстæр уни размæ.

# ТОТОЙТИ ХЪАЗБЕГИ КАДÆН «КАФÆ, ИРÆФ!..»

ÆЦÆГ аййевадæ æносон æй, фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæруй æ кадæ, дзилли ’хсæн æй æ уæлтæмон искурдиадæй ка исцитгин кæнуй, уой рохс номи хæццæ... Гъеууотæ рауадæй нæ номдзуд кафæг Тотойти Афæхъой фурт Хъазбеги карнæ дæр. Кæд, гъулæггагæн, æгæр раги фæххецæн æй æ уæлзæнхон цардæй, уæддæр нерæнгæ дæр ма нин цардæгас æй – адæми зæрдити сæ имисуйнæгти... Куд нæ национ кафти аййевади аристократ, уотæ...

«...Каждое поколение танцоров приносит и привносит свое ощущение танца, свой «строительный материал»... Он шел, вскинув руки, как скальный монолит, и был эффектен своей неэффективностью, скромной сдержанностью, всем тем, чем по-настоящему красив горец и под грузом ноши, и на скакуне...», – уотæ Тотойти Хъазбеги туххæй финста зундгонд поэт, публицист, киноаййевади архайæг Гудиати Германæн æ киунугæ «Вершины»-йи.

Хъазбег, гъулæггагæн, кæд берæ нæ рацардæй, уæддæр æнæ ирисхъæ ба нæ адтæй. Е ’гъдау æма æ кадæ уоййасæбæл цитгийнаг адтæнцæ дзилли ‘хсæн, æма, ци ’й римæхсæн, беретæ уой аккаг нæ исунцæ. Уомæ гæсгæ нæ ибæл исустурзæрдæ ‘нцæ æ уарзон Иристони æ лимæнтæ, е ’мкосгутæ, уотид æ коййæй ка зудта, етæ дæр.

Хъазбег райгурдæй Чиколай 1938 анзи 24 майи. Æ фидæ Тотойти Хадзимурзи фурт Афæхъо æ рæстæги адтæй зарагæ. Гъæубæсти медæгæ нимад лæг адтæй, æ берæ лæгдзийнæдти хæццæ уой дæр зæгъун гъæуй, æма дессаги дæсни кодта нæ адæмон зартæ. Архайдта Финляндий, уæдта Устур Фидибæстон тугъдтити. Æ царди кæронмæ æновудæй фæффæллойнæ кодта гъæууонхæдзарадон къабази – куста Будтути Мухай номбæл æма «Большевик»-и колхозти.

Хъазбегмæ æрдзæй рахæсгæ курдиадæ ке адтæй кафунмæ, уой æнæ æрæстæфгæ нæ фæцæнцæ æ ахургæнгутæ. Бакодтонцæ ‘й хехъæппæресадон къуармæ. Республикон фестивальтæй еуеми чиколайаг лæхъуæнбæл сæ цæстæ æрæвардтонцæ жюрий иуонгтæ æма хунд æрцудæй кафæгæй Цæгат Иристони зартæгæнгути æма кафгути паддзахадон ансамбльмæ, кæци фæстæдæр иссæй адæмон кафти ансамбль «Алан». Хъазбег си ци кæфтити архайдта, уонæй алкæцидæр æ архайдæй дессаги ирд исфедауидæ, уæлдайдæр ба номдзуд «Хонгæ».

Абони дæр ма нæ адæми астæуккаг æма хестæр фæлтæрæй беретæ гъуди кæнунцæ, Хъазбег куд аййев федудта кафгути рæнгъи, уой. Æ искурдиадæ уæлдай æнхæстæй рабæрæг æй 1956 анзи Мæскуй фæсевæди æма студентти Еугур дуйнеуон фестивали рæстæг. Ами райста уæлахези бæрæггæнæнтæ – лауреати ном æма сæрмагонд майдан. Ци кафт равдистонцæ Байти Альбини хæццæ, е ба адтæй гурдзиаг киндзхунди кафт «Картули».

Еци Еугур дуйнеуон фестивали фæсте Хъазбег æрвист æрцудæй ахур кæнунмæ Мæскуй паддзахадон театралон институти режиссерон факультетмæ. Ахур ку фæцæй, уæд нæуæгæй исæздахтæй æ райгурæн Иристонмæ. Райдæдта бабæй косун ансамбль «Алан»-и. Гастрольти угæй, аци исфæлдистадон коллектив æ дæсниадæ бавдиста 28 паддзахадеми, мингай адæмти базонгæ кодта Иристони национ хореографион аййевади хæццæ æма ин алкæмидæр уидæ кадæ æма цитæ. Цидæр исаразта, цидæр бавдиста рæсугъддзийнадæй, етæ æнæгъæнæй дæр адтæнцæ Иристони ном исбæрзонд кæнуни æма æ кади сæрбæлтау.

«Алан»-и кафгæй, Хъазбег еци-еу рæстæги фæсауунмæ каст фæцæй Цæгат Иристони паддзахадон университети историон факультет æма райста ахургæнæги дæсниадæ дæр. Фал уæддæр нæ исустурзæрдæ ’й аййевадæбæл. Разамунд дæттун райдæдта ансамбль «Алан»-и сувæллæнтти кафгути коллективæн. Еу æма дууæ æригон адæймаги нæ бацæттæ кодта нæ республики номдзуддæр ансамбльтæн. Кафгæй дæр æма аййевадон разамонæгæй косгæй дæр адтæй æхе надбæл цæуæг, æхе исфæлдистадон фæрæзнитæй пайдагæнæг. Æма æ еци зундирахасти фæрци ин минкъий нæ бантæстæй.

Алкæмæн дæр уарзон æй æ райгурæн гъæу. Æрæздахтæй сахарæй æ райгурæн гъæубæстæмæ Тотойти Хъазбег дæр. Уой разамундæй цубур рæстæгмæ Чиколай культури Хæдзари куст базмалдæй, æ къæрæзгитæй рохс æнафæнттæмæ кæлидæ. Чиколай гъæунгти ахиддæр игъусун райдæдта фæндури цагъд æма доулий азæлд. Чиколай кафгутæ кæдæй-уæдæй уæлахези хæццæ æздæхун райдæдтонцæ республикон фестивальтæ æма æркæститæй. Æрхаудтæй сæмæ фæсарæнмæ фæццæуни барæ дæр. Тотойти Хъазбег фæсевæди айдагъ кафунбæл нæ ахур кодта, фал фиццагидæр син адтæй гъомбæлгæнæг, æновуд сæ кодта фидтæлтикон æгъдаубæл. Уотæ зæгъагæ адтæй: «Раздæр бал æфсармæ, уой фæсте ба – дæсниадæ!..» Ци фæсевæди хæццæ косгæ ин рауадæй, уони хуæрзæгъдаубæл ниббæттун базудта, раст надæй сæ фæснадмæ фæккеун нæ рауагъта, кæрæдзебæл сæ хуæртæ æма æнсувæрти хузæн исбаста. Æ уод еу къимбуси бастæй фæддардта сæ хæццæ. Дигорон литератури классик Малити Геуæргий загъдау, адтæй сæ рохсмæ хонæг.

Уомæн æвдесæн, абони ин ци кадæгонд цæуй, уæлдайдæр ба æ райгурæн гъæубæсти.

Чиколай гъæуи Культури хæдзари цалдæр анзей дæргъи арæзт цæуй Тотойти Хъазбеги имисæн фестиваль «Танцуй, Ираф!..»

Æрæги бабæй еци мадзал ами арæзт æрцудæй æхсæзæймаг хатт. Сæ дæсниадæ си бавдистонцæ берæ гъæути культури артдзæстити хехъæппæресадон кафгути къуæрттæ, иуазæг ба си адтæй Æрæдони райони Культури хæдзари ансамбль. Æдеугурæй си архайдтонцæ 250 адæймаги.

Ирæфи райони культури Управлений сæргълæуууæг Зехъети Хетæг куд бахангæ кодта, уотемæй еци мадзалмæ хехъæппæресадон артисттæн сæхе хъæбæр дзæбæх бацæттæ кодтонцæ, сæ аййевадæ берæвæрсугæй бавдесун сæ бæргæ фæндадтæй, фал фестивали угæвæрдмæ гæсгæ, номерти нимæдзæ минкъий адтæй. Æхцæуæн е æй, æма исфæлдистадон къуæртти дæсниадæ ке ирæзуй – уой баханхæ кодтонцæ жюрий иуонгтæ дæр, уæдта сæмæ ка кастæй, еци адæм дæр.

Фестивали Гран-при равардтонцæ Ирæфи райони культури Галауани кафгути къуарæн, дууæ фиццаг бунати бадех кодтонцæ сувæллæнтти ансамбль «Хæрес» (æ разамонæг Хъæцмæзти Батраз) æма ансамбль «Фарн» (æ разамонæг Бетрозти Ленæ). Фестивальмæ æрбацæуæг адæми приз райста Лескени культури Хæдзари къуар «Сайданæ» (æ разамонæг Темурти Эльбрус). Куд дæснидæр кафæгæн, уотæ сæрмагонд приз лæвæрд æрцудæй Дзадзати Рамазанæн («Ирæф», Чикола).

Æригон балетмейстр Дзагурти Алани разамунди фæрци, хъæбæр хуарзæй æхе бавдиста Æхсæрисæри культури Хæдзари кафгути æнсамбль.

Фестиваль куд исбæрæг кодта, уотемæй зæрдæдарæн ес, æма кæцидæр къуæрттæ никки æновуддæрæй ку архайуонцæ сæхебæл, уæд исирæздзæнæнцæ профессионалон сцени уæнгæ æма син æрдзæф кæндзæнæнцæ айдагъ Иристони нæ, фал Уæрæсей дæр, гæнæн ес, æма æндæр паддзахæдти дзиллитæ дæр, Тотойти Хъазбегæн куд, уотæ. Кæмæндæр ба ке зæгъун гъæуй, ка ’й зонуй, никки, хъæбæрдæр.

Ирæзæд сæ дæсниадæ, райгъусæд сæ ном идæрдтæбæл!







Дигорæ
Газет «ДИГОРИ» сæрмагонд уæлæфтауæн. Уагъд цæуй мæйæ еу хатт.
Æ дзуапдæттæг редактортæ ГÆТИЙТИ Светланæ æма ГИБИЗТИ Риагинæ.
Редакций адрес: 362015, сахар Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, мухури Хæдзарæ, 6-аг уæладзуг, тел. 25-22-56.